Пщэдей Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЕГЕНДЕ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№35 (21.193) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 22, мэрем ●Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тыркумрэ зэрызэдэлажьэнур яубзыху

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьелытэ Тыркур эмаи кIыхьым тещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыдэлажьэхьун кьэралу. Апхуэдэу абы щыжиIаш республикIэм и делегацэр зэдзыщIэ Къайсэр кьалэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкI мы кьэралым хуэщIэ экономикэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным теухъауэ. Делегацэм хэтщ КъБР-м и Правительствэм ыцIэ министрэхэр, щIыпIэ самоуправленэм и администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, республикэм и промышленнэ предприятэ ихэм я унафэщIхэр.

КъАЙСЭР вилайетым и губернатор Билиджи Неджати щепсаЛъэм КъБР-м и Iэтащхьэм кIыхьиншэщ ди республикэмрэ Тыркымрэ зэпызыщIэ Iуэху кузэ зэрыщыIэр икIи лъэныкъуитIыр зэдэлажьэнур. Псори зэрыгъуэзэщи, Тыркум адыгэ куэд исщ адыгэзэр фIыуэ ящIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу балъкъэрхэми тыркубзэр хьарзынэу кьагуроIуэ. «Апхуэдэу щыщытKI, ди щIыхьэр хъарзынэу зэгурыIуэну кьэщIэкIынущ сыт хуэдэ Iуэхуми хуэгъэзауэ», - жиIащ адэкIэ Къанокъуэ Арсен.

Билиджи Неджати КъБР-м и Президентыр щыгъуазэ ищIащ езыр зи Iэтащхьэ щIыналъэм промышленностым, сатум я лъэныкъуэкIэ кьэралым увыпIэщхэу зэрыщиубыдым икIи а щIыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыдэлажьэну зэрыхъэзырым. Апхуэдэу ар щIэупщIащ хъэрычэт дэжьыгъэр щрагъэжьужьын папщIэ КъБР-м щыIэ Iэмалхэм, псалъэм папщIэ, хьэрычэт лжьакIуэхэм я щынагъэншагъэр кьызэрыгъэгъэпэщыфынум, налогхэм я лъэныкъуэкIэ абыхъэм зэрыхудачыхынум. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIым быдзу жиIащ инвесторхэр щапщIэ ди республикэм Iэмал тэмэмхэр кьыэзэрыщIэзэрагъэпэщар, абы хэм шынагъуэ лъэпкъ кьаэзэрытемыхьэнур. «Мы зэманым дэ кьамыгъэсэбэну уухуэнигъэ куэд диIэщ инфраструктурэ и лъэныкъуэкIэ тэмэмку кьызэгъэпэщауэ. Абыхъм зыхуэфащэ оборудованэ щIагъэувэу лажьэу яутIыпщыкI хуейуэ аращ. Дэ иджыпсту дызыхуэныкъуэр иджырей технологиемрэ ар къэзыгъэсэбэныфынэу Iэщ Iагъэ Iэхэмрэщ», - кIыхьиншэщхьэхуакIащ Къанокъуэ Арсен. Апхуэдэу абы жиIащ, нэгъуэщI къэралхэм кьраущ Урысейм кьаш хьэпшIыпхэм тралъхьэ пошлинэр эпымыуэу нэхъ ин зэрыкъуэр кьэпIыгъэмэ, тырку хьэрычэтыщIхэм я дежькIэ сыт хуэдэ продукцэри УФ-м и щIыналъэм щащIыну зэрынэхъ фейдэр.

Губернатор Билиджи Неджати жиIащ лъэныкъутIыр зэрыздэлажьэну Iэхуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ предприятэхэм я унафэщIхэм кьыхалъхьэ псоми хэпIыну зэрыхьэзырыр.

●Си бзэ - си псэ, си дуней

Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъыфIу езыгъэджэхэр, гъэсэныгъэ дэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыр наIуэ кьэзыщI «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэр ди щIыналъэм ильэс зыбжанэ лъандэрэ щокIуэкI. «Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм кьыхилъхьауэ щыта а лъэпкъ Iуэхур жыщхэру кьыдаIыгъаш КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI Iуэхущапэхэм, жылагъуэ зэгурыIуэныгъэхэм, Ипэкlэ зэхъэзэхуэм и утыку кьихьауэ щытар адыгэбзэ езыгъаджэхэрамэ, иджы, ильэситI лъандэрэ, зэпеуэм зиуэщIащ. Абы кьыхьыхащ урысыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ езыгъаджэхэр. Апхуэдэу ипэжьпIэкIэ ар республикэпсэ фестиваль хьуащ.

2007 гъэм ди щIыналъэм щекIуэкIа а фестиваль-зэпеуэр иухащ. Абы кьрикIуэхэр нэхъапэIуэкIэ кьапщIэтжащ. Дыгъуасэ, Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, Налшык дэт гимназие №13-м и актовэ залым щагъэпэжащ зэпеуэм кьыхэжаныкIа. ЛъэпкъыбзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр, абыхъэм я гъэсэн цыкIухэр. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьрагъэблэгъат КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, а министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Балэ Людмилэ**, лъэпкъыбзэ езыгъэджэхэм я урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъуа егъэджакIуэ Iэзэ **Бекъан Масирэт**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лIыкIуэхэр, республикэм и куейхэм егъэджэныгъэмкIэ и кьудамэхэм кьикIахэр, нэгъуэщIхэр.

Гимназием и уэрэдыкIуэ ныбжьыщIэхэм кьыдэIуащ гуфIэгъуэр. Абы и ужькIэ псалъэ ираташ Дорохинэ Лидие.

- Псом япэрауэ, зэIущIэм кьрихьэлIахэм нобэрей махуэщхьэмкIэ - Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэмкIэ - сынывохьуэхьу. Анэдэлъхубзэр хуиту, шэщIауэ зыIурылIын дэтхэнэ лъэпкъри дыхьуну си гуапэщ, - жиIащ абы. - Апхуэдэу сохьуэхьу «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда егъэджакIуэхэми абы кьыхэжаныкIа еджакIуэ щыкIухэми. Уи лъэр жан ещI, псэр егъэгуфIэ абыхъэм я зэфIэкI лъагэхэм.

Дорохинэм кьыхихгъэщащ мы гуфIэгъуэ зэIущIэр щрагъэжьауэ Налшык дэт гимназие №13-р кьыщыхахам и щхьэусыгъуэрэ. Зэхьэзэхуэм хэта курыт школхэм ящыщу мы еджапIэращ 2007 гъэм республикэм япэ replaced ящыщыхьар. ТекIуахэр щагъэльапIэ утыкум псом япэ кьрашарэ а гимназием и унафэщI **Сэбан Асльэнбийщ**. Абы ирагащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьыбгъэдэкI Щыхьэ тхылъ-рэ тыгъэ лъапIэрэ.

Апхуэдэу зэIущIэм щагъэпэжащ зэхьэзэхуэм етIуанэ, ещанэ replaced зэIущIэм щекIуэкIа. Абы и ужькIэ псалъэ ираташ Дорохинэ Лидие.

- Псом япэрауэ, зэIущIэм кьрихьэлIахэм нобэрей махуэщхьэмкIэ - Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэмкIэ - сынывохьуэхьу. Анэдэлъхубзэр хуиту, шэщIауэ зыIурылIын дэтхэнэ лъэпкъри дыхьуну си гуапэщ, - жиIащ абы. - Апхуэдэу сохьуэхьу «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда егъэджакIуэхэми абы кьыхэжаныкIа еджакIуэ щыкIухэми. Уи лъэр жан ещI, псэр егъэгуфIэ абыхъэм я зэфIэкI лъагэхэм.

Дорохинэм кьыхихгъэщащ мы гуфIэгъуэ зэIущIэр щрагъэжьауэ Налшык дэт гимназие №13-р кьыщыхахам и щхьэусыгъуэрэ. Зэхьэзэхуэм хэта курыт школхэм ящыщу мы еджапIэращ 2007 гъэм республикэм япэ replaced ящыщыхьар. ТекIуахэр щагъэльапIэ утыкум псом япэ кьрашарэ а гимназием и унафэщI **Сэбан Асльэнбийщ**. Абы ирагащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм кьыбгъэдэкI Щыхьэ тхылъ-рэ тыгъэ лъапIэрэ.

Апхуэдэу зэIущIэм щагъэпэжащ зэхьэзэхуэм етIуанэ, ещанэ replaced зэIущIэм щекIуэкIа. Абы и ужькIэ псалъэ ираташ Дорохинэ Лидие.

Дорохинэм кьыхихгъэщащ мы гуфIэгъуэ зэIущIэр щрагъэжьауэ Налшык дэт гимназие №13-р кьыщыхахам и щхьэусыгъуэрэ. Зэхьэзэхуэм хэта курыт школхэм щезыгъэджхэу **Кьуэныкьуей Иринэ, Болий Мадинэ, Мэкъуауэ Ленэ, Ефэнды Маринэ, Хьущт Марианнэ, Мамий Иринэ, Нэгъуей Iэмирэт, Апажэ Маринэ, АфIэунэ ШIэнмэт**, нэгъуэщIхэр. Абы-хэм зэхьэзэхуэм и кьыззэгъэпэщакIуэхэм кьабгъэдэкI щIыхь тхылъхэмрэ сауГъэтхэмрэ ираташ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтхэм: **гуфIэгъуэ зэIущIэр щекIуэкIым.** *Тезыкар* **ЕЛЪКЪЭН Артурщ.**

Нэхъыфlхэр ягъэпажэ

кьызэIуахащ гуфIэгъуэр. Абы и ужькIэ псалъэ ираташ Дорохинэ Лидие.

- Псом япэрауэ, зэIущIэм кьрихьэлIахэм нобэрей махуэщхьэмкIэ - Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэмкIэ - сынывохьуэхьу. Анэдэлъхубзэр хуиту, шэщIауэ зыIурылIын дэтхэнэ лъэпкъри дыхьуну, ди щIыналъэм ильэс зыбжанэ лъандэрэ щокIуэкI. **«Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм кьыхилъхьауэ щыта а лъэпкъ Iуэхур жыщхэру кьыдаIыгъаш КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI Iуэхущапэхэм, жылагъуэ зэгурыIуэныгъэхэм, Ипэкlэ зэхъэзэхуэм и утыку кьихьауэ щытар адыгэбзэ езыгъаджэхэрамэ, иджы, ильэситI лъандэрэ, зэпеуэм зиуэщIащ. Абы кьыхьыхащ урысыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ езыгъаджэхэр. Апхуэдэу ипэжьпIэкIэ ар республикэпсэ фестиваль хьуащ.**

2007 гъэм ди щIыналъэм щекIуэкIа а фестиваль-зэпеуэр иухащ. Абы кьрикIуэхэр нэхъапэIуэкIэ кьапщIэтжащ. Дыгъуасэ, Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, Налшык дэт гимназие №13-м и актовэ залым щагъэпэжащ зэпеуэм кьыхэжаныкIа. ЛъэпкъыбзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр, абыхъэм я гъэсэн цыкIухэр. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьрагъэблэгъат КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, а министерствэм и кьудамэм и унафэщI **Балэ Людмилэ**, лъэпкъыбзэ езыгъэджэхэм я урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъуа егъэджакIуэ Iэзэ **Бекъан Масирэт**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лIыкIуэхэр, республикэм и куейхэм егъэджэныгъэмкIэ и кьудамэхэм кьикIахэр, нэгъуэщIхэр.

Гимназием и уэрэдыкIуэ ныбжьыщIэхэм кьыдэIуащ гуфIэгъуэр зэIущIэр щекIуэкIым.

КьытщIэхьуэ щIэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэрэ щIэныгъэ кIуэрэ ябгъэдэзыIыхьэ егъэджакIуэ зыбжанэ щагъэпэжащ гуфIэгъуэм. Абыхъэм ящыщу адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэджхэу **Кьуэныкьуей Иринэ, Болий Мадинэ, Мэкъуауэ Ленэ, Ефэнды Маринэ, Хьущт Марианнэ, Мамий Иринэ, Нэгъуей Iэмирэт, Апажэ Маринэ, АфIэунэ ШIэнмэт**, нэгъуэщIхэр. Абы-хэм зэхьэзэхуэм и кьыззэгъэпэщакIуэхэм кьабгъэдэкI щIыхь тхылъхэмрэ сауГъэтхэмрэ ираташ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтхэм: **гуфIэгъуэ зэIущIэр щекIуэкIым.** *Тезыкар* **ЕЛЪКЪЭН Артурщ.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Лыгъэм и гъуэгукIэ

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм и гъусэу дэ мы гъэм догъэлъапIэ текIуныгъэ инэр къэзыхьа Совет Армэр къызэрыгъэпэщ ыльэс 90 зэрырикъур.

ПСЭЗЫУТ псори хущIокъу езыхэр щыпсэу щыпIэр яхъумэну. Щыхуэхэр дагъ.

Пасэ гъандэрэ къызэрагъэпэщыт къатеуэ бийхэм япэщIэтыну зауэлI гупхэр. Бжералхэр къэхъу хуежьа нужь, аэрэ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэхъ къызэрагъэпэщу щIадзащ. ИужькIэ дзэ псохэр зэхашащ, зи ЩIалэжкIэ зауэлIхэм фIэкIа яхэмыту. Урысейм ахуэдэ дзэ лIэужьыгъуэм гъабкъэ щахуэхъуар стрелецхэрщ. 1550 гъэм и жэпуэгъуэм Иван Грозный иригъэкIуэжкIа реформэм и ужькIэ кIэрэлIым къыщызэрагъэпэщащ стрелец мини 3 (пэлвих) зыхэт армэ. XVII лIэщIыгъуэм и кIэм урысыддзэр мин 30-м нэсат.

Къулыкъур епхьэкIыну зэрыгугъуи, ауэ якIыкIэуи зыхуей зэрыхуамыгъаэм къыхэкIыу стрелецхэм куэдрэ зыкъыЗэтащ. Iе698 гъэм апхуэдэ зыкъыЗэтыныгъэхэм ящыщ зым и ужькIэ Петр Езанэм армэщIэ къызэригъэпэщащ. Абы хагъэхьащ Семеновскэ, Преображенскэ полкхэр, дзэ-гъендарыкIуэ зыгъэпсыкIуэ полкхэр, дзэ едкаплIэкэр. XVIII лIэщIыгъуэм урыс армэр Европэм щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. 1709 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м Полтавэм и деж Карл ЕтIщыкIутIанэм и шведыдзэр, а зэманым зыри зытемыкIуэу къатьитэу щытар, щыхигъащIэри.

ЕпщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм Петр Езанэм и унафэм щIэт урысыдзэм текIуныгъэ ин дыдэхэр къихьащ - абы хигъэщIащ и ныкъуэкъуэгъуэу Тыркымрэ Пруссиемрэ. Иужьрейм ильэсибкIэ пэщIэтэ ижь, урыс полкхэр япэ дыдэу дыхьащ Берлин. Адмирал Ушак ов Федор и унафэм щIэту урыс флотыр тепщэ щыхъуащ тенджьв фIыщIэмрэ Средиземнэ тенджьзыбмрэ. Швецием езауэрэ, Урысеймэ абы кьытрихьажащ Прибалтикэр.

ЕпщыкIубгъуэнэ лIэщIыгъуэм Урысейр Тыркым ильэс 20 нэблагъэкIэ, Франджым ильэс 15-кIэ езэуащ.

Кутузовым и унафэм щIэту урыс армэм 1812 - 1813 гъэхэм хигъэщIащ Наполеон мин 600 хьэ и дзэр. Апхуэдэу 1877 - 1878 гъэхэм Тыркым къыIэщIигъэкIащ Болгариер, Сербиер, Румыниер, Черногориер. Бессарабие, Батум, Карс щыпнатхъэхэр Урысейм щыщ хъуащ.

Арщхьэкlэ зэпымычу апхуэдэу щытакьыш. Армэм гулыт-тэ хуэзыымыщI пащтыхь правительствэм и зэранкIэ, урысыдзэмрэ флотымрэ къыщыхагъэщIащ 1853 - 1856 гъэхэм екIуэкIа кырым зауэмрэ 1904 - 1905 гъэхэм ирихьэлIа урыс-японт зауэмрэ. Япэ дунейпсо зауэм кьигъэтъэгъуащ Урысейр, псом хуэмыдэу абы и дзэзешхэр, зауэм зэрыхуэмыхьэзыырыр. Арщхьэкlэ ди зауэлIэм лIыгъэшхэу зэрахьащ сыт и гъэныкIуэкIи. 1916 гъэм генерал Брусиловым и дзэр тIыщу зэребгъэрыкIуам и фIыгъэкIэ Италиер кьелащ, Антантэр Германиемрэ Австро-Венгриемрэ я кIэлучащ.

Урысейм и щыхуэкъэм я нэхъыбэм даIыгъуэкъым а зауэр. Абы кьыхэкIыу урыс армэр гъэрымыхь дыдэ зыщIа Февраль революцэр хъуащ.

Апхуэдэ тхыдэ иIэщ нобэ ильэс 90 зэрырикъур зыгъэтъапIэ Совет Армэр. Ауэ жьытIа псори абы и кьыщIэдзанIэ къудеят.

Октябрь революцэм и ужькIэ властыр зыIэщIыхьаэр япэ щыкIэ тетащ -Зауэ щремыIэ», «Лъэпкъэр мамыру ирепсуI» кьыхуеджэныгъэхэм. Кьатыгъэрт армэ ямыIэу къэралыр псэуфыну. Арщхьэкlэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зэрыщыагъэр псынщIэ дыдэу бедджьылы хъуащ. НэмыщIэхэм яубыду щIадзащ Украинэмрэ Прибалтикэмрэ я кьалэхэр. Абыхэм я дзэхэр Петроградэ кьыхуэкIуэрт. Абы кьыIэхьIу Iуэху пIащIэгъуэгъэ ядэжьыкIэ хуэзыщ. 1918 гъэм щыIыпIэм и 28-м Рабочэ-Мэкъуэмэщыщ Дзэ Плъыжь, мазаем и 11-м флот Плъыжь кьызэгъэпэщыным теухуа декретхэр хъащтащ.

Дзэмрэ флотымрэ хагъэ хьэжр абыхэм хэтыну зыфIэфIхэрт. Я гъабжьэу увари гвардие плъыжьым щыщхэрщ. Абыхэм мазаем и 23-м Псковрэ Нарвэрэ я дежь щызэхакъуатащ Петроградэ ебгъэрыкIуэ герман полкхэр. А текIуныгъэр хъуауэ Совет Армэр кьыщызэрагъэпэща махуэ. Езым и Хэкур зэрихъумам и мызакъуэу, ди армэм ижькIэ хуэзфIэкIащ КьуэжьыпIэ Европэм щыIэхэ пIэщI дыдэ гитлерыдзэхэр хигъащIэу а щIынатIэр хуит кьыщIыжьын.

Хэку заузшхуэр ауха иужькIи, езым кьыкIуэт къэралхэм я пащхьэм щызыхунгъэвыжа кьаIэнэр игъэзащIэурэ, СССР-р 1945 гъэм щыщхьэм и 9-м хьихьэн хуей хъуащ Японием и бийуэ ирагъэкIуэкI зауэм. ТхьэмахуитIым кIрифыбдзэ зэхикъутащ щIыхь мелуан зыхэт Квантун армэр. Совет Союзым ей хьужащ японхэм 1905 гъэм яубыдауэ щыта Сахалин Ипщэмрэ Курил хытIыгуэхэмрэ.

Хэкум и хъумакIуэм и махуэр дгъэлъапIэкIэрэ, дэ мазаем и 23-м дигу кьыдогъэкIыж ди къэралым и зауэлIхэм Полтавэрэ Бородинорэ, Шипкэрэ Измаилрэ, Каховскэрэ Курскрэ, Сталинградрэ Смоленскрэ, Берлинрэ Прагэрэ я деж кьыщахьа текIуныгъэ ин дыдэхэр.

Дэ ди армэр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэ щытащ, иджыри щытынущ.

ПОЛИЩУК Иван.
Хэку зауэшхуэм хэта, дзэм кьыхэкIыжа майор.

Ди лъахэгъум, Дыгулыбгъуэй кьуажэм щыщ адыгэ щIалэм, Урысейм и сэлэт хахуэм, щIыху тельыджэм теухуа си тхыгъэр кьыщIэздзну сыхуейт Урысейм и Президент Путин Владимир и щхьэхэмкIэ: «ЩIэ зиIэ полковник Бахьсэн Хьэсанш Барэсбий и къуэ! ФIыщIэ щхэнщ уи зауэлI кьадгъэщIэнщ икIи Хэкум псэемыблэжу кьулыкъу зрыкъэзыщIэм папщIэ. Москва. Кремль. 2002 гъэм, мазаем и 22-м. Путин Владимир».

АПХУЭДЭ хъуэхъуэр абы кьыIэрыхьащ УФ-м ЗыхьумэжьныгъэмкIэ и министру щыта Иванов Сергей, ипIэукIэ, Урысей Федерацэм и Маршал Сергеев Иван, нэгъуэщI куэдми кьабгъэдэкIыу.

Бахьсэн Хьэсанш и дэтхэнэ зы дамыгъэри - ар Афган зауэм, Таджикистаным кьыщихьуа кьаугъэм щигъуэта уЗэгъэхэрщ. Ди щIэдыкIалэ-кIуэхэм я фIэщ мыхьэнкIи хъунщ, ауэ а генерал щIалэм и щIыфэм, зэрыжаIэщи, «псэуу» кьыхэбгъуэтэнир машIэщIуIэгъэ 12-м я ужькIэ. Тхъэшхэм я фIыщIэти, ар кьелащ, зэи зитакьым, икIи псэууэ кьэнащ.

ЦIыхур лIыхъужьу кьалъхуркъым, атIэ ар абы хуэкIуэу аращ. А псори кьожьэ школакIуэ зэманым щыщIэдзауэ. Хьэсанш кьыщихьуар кьыхэрыгъэкI лэжьакIуэ унагъэущ. Абы и адэ Барэсбийрэ и анэ Нафисэтрэ Хьэсанш я щIалэ закъуэщ, адрейхэр пхъущ. Адэ-анэр хуейт я кьуэр сыт щыгъуи ящIыгъуну. Арати, адэм и чэнджещым йодаIэуэри, Хьэсанш школ нэхъыбэм Бахьсэн дэт профтехучилищэм щIотIысхьэ, ильэс докIри КьБКъУ-м и физико-математикэ кьудамэм и студент мэхъу. АдэкIэ щIалэм и мурадхэм кIэщIу захъуэж, сыт щыгъуи зыщIэхъуэпсу щыта дзэ кьулыкъым зрет. И тхыльхэр университетым кьыIехьжри, Орджоникидзе дэт дзэ еджапIэм ирегъэхь. ЩIалэр зыгъэпIейтейр зыт - ар зи уэрэ ихьа Iуэхум и адэ-анэр щыгъуазэ зэрымыщIарт. Хьэсанш унэм кIуэжри хьыбарыр япэ и анэм ириIуэтыIащ, абы гуапэу зрикъузыIэри, жриIащ: «Мамэ, сэ Орджоникидзе сокIуэ дзэ Iэщ1агъэм сыхуедджэну, офицер сыхъунущ...

Унэм сыкъэкIуэжьнущ щIэхьIэхьыр?», ар апхуэдэу жьжьжьжьым, си адэр акьыкIуэ къэщII... мес кьоIуэж езыр-ри». «Хъунщ, си щIалэ щIыкIу, сепсэльэнщ уи адэм, ауэ си фIэщ хъуркъым уи мурадыр абы кьыдиIыгъыну».

Адэр унэм кьыщыщIыхьэжам гу льитащ Iуэхум зыгъэзэрыщыщIэм икIи щIэупIащ «Сыт кьэхъуар, щхьэ апхуэдэу фыкьыIэзпльрэ?» жиIэри.

«КъэдаIуэ, ауэ укъэмыгубжь, ди кьуэм мурад ищIащ Орджоникидзе кIуэну, абы дэз Iэщ1агъэм щыхуедджэну».

«АтIэ сыт уи нэпсхэр кьыщIежэхьыр, угуфIэн хуейщ, ди кьуэр офицер хъунущ. Абы и кьуэм Iэплъэ иришэкIри, жиIащ: «Уи псэмрэ уи гумрэ кьыIэрыбжаIэм хуэдэу щIы, пэжщ, ди джабэ ущIэсыжамэ нэхъ кьэсщIэнут, уэ зыриI кьуэуэ диIэри... Ауэ Адыхэм фIэфIыр арагъэнщ, кIуэ, ды зыщIумыгъэгъупщэ закъуэ». Апхуэдэу зэгурыIуаэу я псалъэмакъыр яухащ.

АдэкIэ Хьэсанш Орджоникидзе дэт дзэ еджапIэм и курсант мэхъури, ар фIы дыдэу кьеух. Мис абдежым щыщIедзэ лейтенантым и офицер гъэугъанэ кIыхьым. Дзэ кьулыкъым абы щыщIидзащ Ростов областым хьихьэ Новочеркасск кьалэм. ИльэситI дэкIри, лейтенант нэхъыбэ хъущ, кьыкIэлъыкIуэ ильэситIым капитаным нэсащ.

Афган зауэр кьыщыхьейм майорым нэсэ дыгулыбгъуэй щIалэр абы ягъакIуэ. Афганистан щIынальэм щекIуэкIа зауэр абы и нэгу щIэкIащ, игъэващ и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху. Ар хэтащ Кабул, адэкIэ Кьундуз, Саланге, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. ТIасхъэщIэххэм, апхуэдэуи десант-ебгъэрыкIуэ батальоным я командиру щыта щIалэм эхкым и сэлэтхэр бийм кьиухъуреихэа щIынальэм кьыIэрыришар.

1988 гъэм Бахьсэныр ягъакIуэ а лъэхъэнэм СССР-м щытыкIэр нэхъ щызэщIэплъа Душанбе. Полковникым нэса Хьэсанш Таджикистаным щегъэльагъуэ и хахуэгъэмрэ дзэ Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIымрэ. Душанбе мызэмытIэу ар щаукIыну хэтащ душманхэм. Ауэ, Тхьэшхэм и фIыщIэти, абыхэм ар кьайхьулIакъым.

2003 гъэм, Урысейм Iэщ1кIэ ЗэщIэуэзда и Кьаруухэм я Генеральнэ штабым и Дзэ академиер кьиуха нэужь, полковник Бахьсэнныр Хабаровск ягъэкIуэуэ щытащ. Иджыпсту ди хэкуэгъуэм и кьару иIыьгъуэщ, узынщIэ, и кьалэныр дэгъэзыу ирехьэкIри, дыщогуфыкI. Хьэсанш КьуэжьыпIэ Жыжьэм щыIэ дзэ округым и 130-нэ пулемет-артиллерие дивизиэм и унафэщIщ. Генерал-майорым и жьIэм щIэтщ дзэ кьулыкъущIэ мин 15-м нэблагъэ.

Куэд щIакъым Бахьсэнщ и лъахэм, дыгулыбгъуейдэ и Iыхьлыхэмрэ ныбжьыгъуэмрэ я деж зэрыщыхьэщIэрэ.

Шэч хэлъкъым ахэр Хьэсанш и екъуIэныгъэхэм зэрыригушхуэм. Абыхэм я закъуэкъым ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэ и зэфIэкIри зи напщIэм тельыр - адыгэ псомэ я напщIэм телъ, иропагэ абы и IуэхущIафэхэм.

БЕКЪАЛДЫ Иуэ,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт.

Дызэрыгушхуэдилъахэгъуэгъэпсалъэ

ТIасхъэщIэх хахуэ

Елмэс Iэбу нэхъыбэу зэращIыхур журналисту, полиграф IэнатIэм и лэжьакIуэ жыджэру зэрыщытарщ. Ауэ абы Хэкум и хъумакIуэм и махуэу ильэс къэс дгъэлъапIэм и Iыхьэшхуэ хэлъщ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы цIыху щыджащэр 1917 гъэм Кушмэзыкъуэй къуажэм (иджы Бахьсэн кьалэм хохьэ) кьыщалъхуащ. Ильэсибл школыр 1933 гъэм кьиуха нужь, Къэбэрдей-Балъкъэр педагог техникумым щIэтIысхьащ. Диплом кьыIэрыхьэри, КъБАССР-м НархозэучетымкIи и Iуэхущ1апIэм экономисту щылажьащ.

1940 гъэм и щIыщIэм «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым и корреспондент хъущ.

Хэку зауэшхуэм щидза и ужькIэ Iэбу фронтым ираджащ. Ар хагъэхьащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щуией дивизиэм.

297-нэ полкым и 3-нэ эскадроным и политрукым и къуэдзэ Елмэсыр Дон щыналъэм щыIэ Баталаевскэ станицэм и гъунэгъуу щеIуэжа зэхэуэ гуащIэхэм къахэжаныкIащ, Кьрымыр, Донбассыр, Прибалтикэр хуит къэзыщIыжаэхэм яхэтащ.

Япэ медалыр Iэбу 1943 гъэм и гъэмахуэм Таганрог деж кьыщратащ. А зэманым Елмэсыр зыхэта ТIасхъэщIэм гупым, Миус псым зэпрыкIри, нэмыщIэхэм кьыIэщIагъэкIащ автомашинипл.

Ар кьызэрыхъуар мыпхудэуц: тIасхъэщIэххэр зытес щыхэр нэхъ лъэрызехьэу кьыщIэкIащ ятIэм пхрымыкIыф автомобилхэм нэхърэ. ЯпIэщIыкъа иужь, фашистхэр щIэпхъуэкъын хуей хъущ я техникэр кьагъанэу. Абы тезгъауэ армэ газетым кьытрадзауэ щытащ «Машинэхэм ещанэкIуэхэр» псалъащхьэр зиIэ тхыгъэ.

Мелитополь кьалэм и деж нэмыщIэхэм хуабжьу зыщагъэбадат. Арщхьэкlэ 1177-нэ полкым и зауэлIхэм ебгъэрыкIуэн яхузэфIэкIащ. Абы папщIэ полкым а кьалэм и цIэр фащащ.

Iэбу лIыгъэ хэлъу зыкъыщигъэлъэгъуащ Севастополь дежи. Абы папщIэ унафэщIым дзыхь кьыхуищIащ полкым и ныпыр икьыну. Адэжь кьэщрата щ «Лыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр.

1944 гъэм и фокIадэм Елмэсыр батальоным и парторг хъуащ. А кьулыкъур зэрихьэу Чехословакиемэ нэсащ.

Елмэсыр зи пашэ ТIасхъэщIэхэхэм зэгугъэрым кьалэн щащIат гъунэгъуу кьыщыс нэмыцIэхэм ятеухуа хьыбарэхэр кьахьыну. Зыкуэйр зрагъэщIа иужь, сержант нэхъыжь Глушко кьрагъэгъэзэжащ. Адрейхэр ипэкIэ кIуащ. Мыгувэу кьахутащ нэмыцIэ плъыр. КъыпакIухьщ, и щIыбагъымкIэ кьыдыхьэри, фашистыр яубыдащ. А лIыгъэм папщIэ Iэбу «Вагъуэ плъыжь» орденыр, игъуэгъэхэм «Лыгъэ зэрызэрихьам папщIэ» медалыр иратащ. Ар кьыщыхъуар 1945 гъэм и гъатхэрщ.

ТекIуэныгъэм и махуэм Iэбу щыIуащIащ Чехословакиемэ. Арщхьэкlэ Iэщ1эр игъэтIылъакъым. Кьухьэпlэм ирагъэкIри, Елмэсыр Байкал Щыщ фронтым игъакIуэ икIи холIыфIыхь Японием и Квантун армэр зэхэкъутэным. Кайлу кьурушысым зэрызэпрыкIыфам икIи абы зэрыщагъэбыдам папщIэ Iэбу кьыхуагъэфэщащ Хэку заузшхуэ орденым и етIуанэ нагъыщIэр.

И пъэхэм кьигъэзэжа иужь, Iэбу пэрыпхэжащ фIыуэ илъагъу журналист лэжьыгъэм. И зэфIэкIым гу льатэри, 1905 гъэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинатэм и унафэщIым и кьуэдзэу ягъэуващ икIи а кьулыкъыр зэрихьащ 1977 гъэм пенсэм кIуэху.

Iэбуэр абы и щхьэгъусэ ФатIимэзэ унагъуэ зэпсэгъуэу яIащ. Абыхэм я бынхэу Аслъэнбэчрэ Сулътанрэ, Светланэрэ Елмэсэрэ гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуващ. Адэ-анэм ялъэгъуащ езыхэм я бынхэм кьалъхужахэм я насыпыр.

Елмэс Iэбу дунейм ехьажащ ильэс 84-рэ и ныбжьэ. Ар иджыри кьэс ягу ильэ, дгъэкIи ящыгъупщэнукъым и ныбжьэхэр. А кьыдэлэжьа, зыщIыхуу щыта псоми.

Бесэ и зэфIэкIыр

Курыт школыр 1941 гъэм и гъэмахуэм къэзыуа ныбжьыщIэ псоми хуэдэу, Инарыкъуей щIалэхэмрэ пащащэмрэ гъащIэм хыхьат, гуфIэгъуэ эрэ дзэржьагъуэкIэ я псэр гъэпсыну. Дэтхэнэми зы мурад гуэр иIэт, ар зэрызыIэригъэхьэныр щIэхьуэпсу балигъэ гъэдэуу. Хэти дрэзэ и и ренэгъэм хигъэхьэнут, нэгъуэщIэгъуэ лжьапIэ Iэнатlэ увынурэ къэзылъхуахэм щIэгъэкъуэн яхуэхьунут.

КУРЫТ ЩIЭНЫГЪ зэрыгугъуэта Щад Бесэ ешъджакIуэ Iэщ1агъэм хуеджану ойрад ищIауэ зигъэхьэзырт. Ауэ и гуращэм хунэмысу ар дзэм ираджащ Хэкум кьулыкъу хуищIэну. Бесэ и гъусэу дзэм ираджат Инарыкъуей щыщхэу Ныбжькъ Сырым, Шэрий Чыланий, Щыдакъ Мухьэмэд сыкъэ. Зэкъуэжэгъуэхэр щIэлъэIуат кьулыкъур зэщIыгъуу ирыгагъэхьэкIыну, ауэ, аэхр зэкIэрачу, Ныбжькьымрэ Щыдакьымрэ нэгъуэщI щIыпIэ яшащу щытат. Псоми сыкъэ, Совет Союзым и 1943 гъэм и 10-нэ фочауэ дивизиэм щыщ 86-нэ полкым Щадымрэ IэрирИмрэ зэкIуэт. Сэвастэрэ щIэхьэхьэзыр щыхьэ щыщIэ, ауэ аэхр ящIэ, фронтым Iуэхэ жьыкIыным лIыхъужьыгъэ яхэлъу щIэзэуащ Инарыкъуей щIалэхэр, гугъуехь мащIи я нэгу щIэкIащ.

1942 гъэм и щыщIыпIэ мазэт. Уэсыр апхуэдизкIэ куу уэ тельти, уэпыкIыф къудейт, жьыбгъэ щIыпIэми нэгу игъэлIыртэкъым. НэмыщIэхэм яубыдауэ я ягъуэ Хмелевэ къуажэ щыкIуэм деж махуэ зыбжанэ хъуауэ зэхэуэ гуащIэ щекIуэкIат. Iэщ1-фащэкIэ, техникэкIэ лъэщу зэщIэуэзда нэмыцIэдзэм щыщ Iэпахьэ щыIуэ ирагъэ щигъэуват. Бийм и зауэлIхэр абы тIысхьауэ пулеметкIэ, лагъыпыдзкIэ увыIэгъуэ ямыIэу якъуэрти, ди дзэм зэщIыныгъэшхуэ кьратырт, ятIэкIэ ямыгъакIуэу. Iэмал зыхуамыгъуэт а лъагапIэр ихьэщIипIэкIэ хьутэн хуейуэ полыным и дзэзешэм унафэ ящIат. А унафэр ягъэзащIэну зауэлI дапщэ ягъэкIуэн, зыми псэууэ кьигъэзэжьыртэкъым. Арэуэдэу щыхьэм, Щадыр мэлъаIуэ абы кIуэнри, хуит кьащIа нужь, щыгъын хужькIэ зэхуапэ, гранатIпIэ кьыхуещIэ, и автоматми хуэфIу щэ ирелъхьэри ёожьэ.

Уэс куум ныбэкIэ хэлъу пщыуэрэ, лъагапIэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ хуиунэтIащ абы. Уэсым кьыхэщ ыдыдуэ ягъэкIэ кIуатэ Щадым и пащхьэм ирагъэкIуэри, саугъэт лъапIэхэр кьыхуагъэфэщащэ щытащ.

УнагъуэфI иIащ Щадым. Абырэ и щхьэгъусэ Лиэзэрэ я кьуэ Алексей хабзэрэ нэмысрэ хэлъу ягъэсащ. КьБКъУ-м инженер Iэщ1агъэр щыгъэгъуэта нэужь, кьэщIтакIуэу, инженер нэхъыщхьэ ку зэрэдзэ лэжьащ. Абыхэм я нысэ Светланэ Налшык щыIэ 66-нэ сабий сад-гимназием и унафэщIу ильэс 16-м щIигъуэуэ мэлажьэ. Зи кьалэнхэр хьэлэ зиIэ зыгъэзащIэ лэжьакIуэр УФ-м, КъБР-м щыIэ зиIэ я егъэджакIуэщ. Быным и быныжхэу Оксанэрэ Муратрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщ1агъэ екIу яIэзэщ. Апхуэдэ унагъ я хьу эпсэгъэ я кьызытехьуакIэ Бесэ, ди жагъуэ зэрыхъэуцы, нобэ кьыгъэтIыжкъым. Абы и ныбжьыр ильэс 82-м нэсауэ 2002 гъэм дунейм ехьажащ. Абы и ужькIэ Лизи куэдрэ псэужьажьым. Лыхъужьыгъэ хэлъу Хэкур бийм щызыхъума Бесэрэ унагъуэ жьэгур зыгъэдэжа Лиэзэрэ я фэепIлъэр яхьумэ абыхэм кьащIэнахэм.

УРЫМ Жанджэрий.

Ди лъахэгъум, Дыгулыбгъуэй кьуажэм щыщ адыгэ щIалэм, Урысейм и сэлэт хахуэм, щIыху тельыджэм теухуа си тхыгъэр кьыщIэздзну сыхуейт Урысейм и Президент Путин Владимир и щхьэхэмкIэ: «ЩIэ зиIэ полковник Бахьсэн Хьэсанш Барэсбий и къуэ! ФIыщIэ щхэнщ уи зауэлI кьадгъэщIэнщ икIи Хэкум псэемыблэжу кьулыкъу зрыкъэзыщIэм папщIэ. Москва. Кремль. 2002 гъэм, мазаем и 22-м. Путин Владимир».

АПХУЭДЭ хъуэхъуэр абы кьыIэрыхьащ УФ-м ЗыхьумэжьныгъэмкIэ и министру щыта Иванов Сергей, ипIэукIэ, Урысей Федерацэм и Маршал Сергеев Иван, нэгъуэщI куэдми кьабгъэдэкIыу.

Бахьсэн Хьэсанш и дэтхэнэ зы дамыгъэри - ар Афган зауэм, Таджикистаным кьыщихьуа кьаугъэм щигъуэта уЗэгъэхэрщ. Ди щIэдыкIалэкIуэхэм я фIэщ мыхьэнкIи хъунщ, ауэ а генерал щIалэм и щIыфэм, зэрыжаIэщи, «псэуу» кьыхэбгъуэтэнир машIэщIуIэгъэ 12-м я ужькIэ. Тхъэшхэм я фIыщIэти, ар кьелащ, зэи зитакьым, икIи псэууэ кьэнащ.

ЦIыхур лIыхъужьу кьалъхуркъым, атIэ ар абы хуэкIуэу аращ. А псори кьожьэ школакIуэ зэманым щыщIэдзауэ. Хьэсанш кьыщихьуар кьызэрыгъэкI лэжьакIуэ унагъэущ. Абы и адэ Барэсбийрэ и анэ Нафисэтрэ Хьэсанш я щIалэ закъуэщ, адрейхэр пхъущ. Адэ-анэр хуейт я кьуэр сыт щыгъуи ящIыгъуну. Арати, адэм и чэнджещым йодаIэуэри, Хьэсанш школ нэхъыбэм Бахьсэн дэт профтехучилищэм щIотIысхьэ, ильэс докIри КьБКъУ-м и физико-математикэ кьудамэм и студент мэхъу. АдэкIэ щIалэм и мурадхэм кIэщIу захъуэж, сыт щыгъуи зыщIэхъуэпсу щыта дзэ кьулыкъым зрет. И тхыльхэр университетым кьыIехьжри, Орджоникидзе дэт дзэ еджапIэм ирегъэхь. ЩIалэр зыгъэпIейтейр зыт - ар зи уэрэ ихьа Iуэхум и адэ-анэр щыгъуазэ зэрымыщIарт. Хьэсанш унэм кIуэжри хьыбарыр япэ и анэм ириIуэтыIащ, абы гуапэу зрикъузыIэри, жриIащ: «Мамэ, сэ Орджоникидзе сокIуэ дзэ Iэщ1агъэм сыхуедджэну, офицер сыхъунущ...

● Ди щIалэхэм дзэм кьулыкъу щащIэ

Хэкум и хъумакIуэ нэс

Ильэс етIуанэ хъуауэ и дзэ кьулыкъур Дон Iус Ростов щрехьэкIэ зенкъуэдэс Кьумыкъу Азэмэт. Мы гъэм накьыгъэ мазэм и унэ кьекIуэлIэжьну абы поплъэ и адэ-анэр, и кьуэшитIымрэ и шыпкъуэрэ, и ныбжьэгъуэхэр. Iыхьлыхьэр. ИтъэситIыр абыхэм я дежи зэманышхуэщ, ауэ ар нэхъ гъэкIуэгъуэфIэ ящещI Азэмэт и гуащIэхэм кьабгъэдэкIыу фIыщIэ тхыгъэ щIэх-щIэхыгъэ кьаузэрыIэрыльхьэм.

КъЭУМЫКЪУЭ я унагъуэм идкьыблагъэ апхуэдэ тхыгъэ гуапэ кьаIэрыхьащ.

- ФIыщIэ зыхуэтщIхэу Асльэнрэ Фенярэ! Хьыбар фыдогъащIэ фи кьуэ Азэмэт и дзэ кьалэнхэр нэгъэсауэ зэригъэзащIэм, икъукIэ арэзы дыкьызэрищIым тетхуауэ, - итщ частым и юмандирэм кьабгъэдэкI тхыгъэм. - Дзыхь кьыхуащIа Iэщ1мрэ техникэмрэ Iэрыхуэу кьегъэсэбэп, сыт хуэдэ лэжьыгъэми, дзэ зыгъэсэныгъэхэми ерыщу бгъэдэтщ, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным хущIокъу. Кьулыкъу кьыдэзыщIэхэм я дежкIэ щапхъэщ, хуэфащэ пщIэ кьыщыхуащI. Фрунзэ щхьэнущ Хэкум и хъумакIуэ нэс зэрыщытэсам.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Жырым хуэдэт

АТМУРЗАЕВ Магомет Хьэжбэчыр и кьуэр пщIэщхуэ кьэзылэжьа Цыхьут, ар зауэтIым я ветеран. 1940 гъэм финнихэр зэтезыкъутахэм жьыджэру яхуэзат, ямыцIэ зэрыпхъуякIуэхэм щхьэмыгъазэу езауэуэр Эльбэ нэсат, фашистхэм я бийуэ кьыдгуэт американцэм щыщкъэм сэлэт сэлам гуапэкIэ яIущIа зауэлI хахуэт.

Псэуху Магомет и нэгум а дакьыкъэхэр щIэкIакъым:

«Сабийм хуэдэу дыгуфIэрт, а зэIуIэм дыхуэпабгъэу, лъыгъажэ гуащIэм дыхэту мафIэ лыгъэм и гъэугуанэу зэпытчар кIэншэти. Берлин и кьухьэпIэ лъныкьуэм километри 129-кIэ нэхъ дыпэмыжьыжьэу Эльбэ и Iуфэм дек фашизмэр зэрыщIэзэхъуар. Тутар дгъэлъапIат. ТекIуэныгъэ иным и накьыгъэ мазэ щIэращIэр, абы и гуимыхуэ махуэ лъапIэхэр дащIэщи щхьэпIуэ», - жиIэрейт нэхъыжьыфIым.

Танкэхэуэ хахуэхэу Атмурзаев Магометрэ Залиханов Магометрэ ныбжьыгъэ щыгъэхуэхъуам ахэр дзэ кьулыкъум ираджэным идкьыри Iэджэ хуейт. Залихановыр кьыщыхьуар бахьсэнпс узрым и бжьэпэщ, Бахьсэн Ипщэ жьылагъуэрщ, Атмурзаевыр Гундэтэн щыщт.

1938 гъэм фокIадэм и 1-м ахэр дзэм ираджэ. Абы щыгъуэ Атмурзаевыр партым и район комитетым и апэ секретарым и дзэпыкъэгъуэт, Залихановыр комсомолым и Iуащхьэмахуэ райкомым и секретарт. Зэныбжьэгъуэхэр щIолъэIури, зы дэз частым макIуэ, Рязань щыIэ ильэс полк едкаплIэр кьауха нэужьи зэгъуэгъэ я кьулыкъум пащэ. Пуги танкым и командиру кьыщIагъэкIами, нэхъыжьыгъуэр зейр Залихановырати, Атмурзаевыр и лъэIуКIэ экипажым и унафэр абы Iэщ1ыгъэкIыу.

Абдеж щыщIедзэ зэныбжьэгъуитIым я зауэ гъэугуанэ кIыхьым.

1940 гъэм и щIымахуэм, командованэм и унафэр ягъэзащIэу финнхэм щебгъэрыкIуэм, танкым и командир Залиханов Магометрэ механик-танкэхуэ Атмурзаев Магометрэ кьагъэлъэгъуа лIыгъэм теухуауэ «Большевик» журналым и 3-нэ номерым мыпхуэдэу щытыгъащ:

«Бийм лъэмыжьыр кьыгъэуауэ зэпымыууэ быдапIэм кьиуКIырт. Частым и командиром кьегъэув ар якъутэну. Атмурзаевымрэ Залихановымрэ я танкымкIэ зрачри, а унафэр гъэуэгъэжу ягъэзащIэ икIи ди лъэсыдзэхэм гъэугур хуит хуащI. Финнхэм банз кIапсэхэр якъуэудийри, дэнэкIи щIытIхэр кьыщатIат, лъэпощхьэпохэр щаухуат. Абыхэм кьахуэзтемгъуэвыIэу Атмурзаевым и танкыр кIуэцIрыкIырт».

«Карельскэ псы зэхуакум деж зэхуэу гуащIэхэр щекIуэкIырт. Ди дзэхэм тегушхуауэ бийр ирагъэкIуэтырт. Дэмыл Iувым дытету финнхэм псынщIэу дакIэльыкIуэрт. Абдежым нэхъ дызыщыщынэ дыдэр кьыщытщощI - мылым танкыр хуэмыIыгъыу зэгуочри, псы щIыIэм дыхоуэ. УIэгъэщIэм зыкъыщысщIэжам дохутырхэм щэхуу жаIэу зэхъэзох: «Псэунущ», - игу кьигъэкIыжырт ветераным.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхъуэм, Атмурзаев Магомет и кьулыкъум Рига-зань областым щыпищэрт. Ар зыхэт танк взводым зэщIым унафэ ткIий кьыIэрохьэ: «Кьару нэхъыщхьэр кьекIуэлIэхункIэ, бийр зэтеIыгъэн!» Нэхулъэ кьыщищIынымрэ фашистхэм щалъIэнымрэ пэпIэлъэр зэщIыкIуат. Нэхущхэм деж мотоцикл зыбжанэ зыщIыгъу танки 4 кьызэрыкIуэм гу льатэ. Ар ТIасхъэщIэх гупт. Танкэр гъунэгъу кьыщыхъуэм, Атмурзаевым зэ уэгъэкIэ япэ итым и чэщанэр треуд, кьыкIэлъыкIуэу етIуанэми лыгъэ иредз. ТIасхъэщIэх гупыр кьрагъэлIыну фашистхэр кьыхуэпIащIэрт. КъАруушхуэкIэ кьебгъэрыкIуэ бийм Магомет зи командир танкыр пщIоувэ икIи ещанэри хагъащIэ.

А зэхуэуэ гуащIэм уIэгъэ хьэлъэ щыхьуа Атмурзаевым зэрихьа лыгъэм и хьыбарыр гущдэлэнджэхэм щызэIэпахьэм, езыр госпиталым щIэлът.

УЗэгъэщ нэужьым Атмурзаевыр Ленинград деж щызэуа 16-нэ танк дивизиэм хохуэ.

Ди дзэхэм я лъэщагъым, зауэлIхэм я Iэзагъым хагъахьэу зэпытт. Иджы Магомет танк взводым и командирт. 29-нэ бригадэ хэхам хэту а зэманым зэрихьа лIыгъэм папщIэ, абы кьыхуагъэфащэ етIуанэ Вагъуэ Плъыжь орденыр. Куэдрэ уэгъэ хъуами, ар ажалым кьыIэщIэкIащ икIи щхьэм

Цыхубэм псаемыблэжу яхуэлажьа Лъостэн Чэлимэт 100

Лъэпкъым и къуэ пэж

● Дэфтэрхэм я бзэкIэ

АУШЫДЖЭРЫР Шэрэдж псы уэрым и Iуфэм Iусщ, бгы джабэ мылъагъэхэм я жьэгъум щIэсщ. Нэр ягъэгуфIэ, гур яIэт мы жьагъуэм щыплъагъу уэрэд, уэрам теплъафIэхэм, жыг хадэ абрагъуэхэм.

Аушыджэрым къыщалъхуащ, къыщыхъуащ Лъостэн Чэлимэт. Абы и адэ ТIутI ящыщт Совет властыр ди щIыпIэм къыщыщэзэгъэпэщахэм.

Чэлимэт гъуазэфI хуэхъуащ и адэм и щапхъэр. 1923 гъэм щIэтIысхьащ Старэ Шэрэдж къуажэм дэтэ окружной мэкъумэш еджапIэм. 1924 гъэм комсомолым хыхьащ. 1925 гъэм щIотIысхьэ Налшык дэта мэкъумэш техникум. 1932 гъэм Дзауджикау (Владикавказ) мэкъумэш институтыр къыщIэхъ. Мэлажьэ зоо техникыу, фермэм и унафэщIу. 1941 гъэм Комунист партым хохьэ. Жыдкэрэ хэтщ политикэ, жылагъуэ Iуэхухэм.

Партым и обкомым и бюром хэтщ, цыхубэ депутатщ. Лъостэн Чэлимэт большевик партымрэ цыхубэмрэ я бын пэжщ.

ВКП(б) и инструктор Диденкэ А. 1946 гъэ.

* * *

НЫБЖЬэгъу Лъостэныр 1944 гъэм и мазаем партым и Къэбэрдей обкомым и аппаратым ягъакIуэ, обкомым и секретарым Iэщ гъэхъуэн IэнатIэм кIэлъыплъымкIэ и къуэдзэу. А лэжьыгъэм пэрытщ 1947 гъэм и шыщхьэIу мазэр кьихьэхукIэ. ИтIанэ, а къулыкъыр ягъэкIуэдыжри, ягъэуэн партым и обкомым и мэкъумэш кIудамэм и унафэщIым икIуэдзэу. 1949 гъэм и шыщхьэIу мазэм Чэлимэт ТIи кIыуэрэ Къэбэрдей АССР-ми Совет Нэхъыщхьэ къэм и Президиум ми и секретарь, 1951 гъэм и мазаем кIыIэщIалъхьэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщI къулыкъур.

Ныбжьэгъу Лъостэныр КПСС-м хэтщ 1941 гъэ лъандэрэ. 1951 гъэм ар хах Къэбэрдей АССР-м и Министрхэм я Советым и унафэщIу икIи а къулыкъым пэрытщ нобэр кIыздэсым.

Лъостэн Чэлимэт *1972 гъэ.*

Ныбжьэгъу Лъостэныр РСФСР-ми КъБАССР-ми я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутатщ.

«Кабардинская правда», 1954 гъэ, мазаем и 14.

* * *

ЛЪОСТЭН Чэлимэт хэлъхьэныгъэрэ хуищIащ ди республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным. Ар гурэ псэкIэ егупгъащ лэжьэкIэщIэм и Iэмалхэр Iэкiуэлъакiуэу зекъэсэбэныным, колхозхэм, совхозхэм Iэщ лъэпкъыбгъэ цыгъэбэгъуэным, Iэщlагъэлъ ныбжьыщIэхэр гъэхьэзырым.

Зауэ нэужь ильэситхум кIриубыдэу республикэм щыхэхъуэжат Iэщыщхъуэхэм я бжыгъэм - процент 63-кIэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ - 117-кIэ, джэдкъазым - 971-кIэ!

КъызэгъэпэщакIуэ Iэ ззу щыткIэрэ, Лъостэныр хэлъфыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, щэнхабзэм зегъэужьыным, щIыпIэ Советхэм я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным...

Аушыджэрэдзэхэр нэхъ зэрыгушхуэ цIыху гъуэзэджхэм ящыщщ Лъостэн Чэлимэт ТIутI и къуэр.

Къардэн Чэлимэт 1993 гъэм къыдигъэкIа тхылъым, «Групповой портрет в Аутгере. Годы и судьбы» зыкIэщIэ, къыхэтхащ.

* * *

ЛЪОСТЭН Чэлимэт ТIутI и къуэр (1908-1990) къэрал лэжьакIуэщ. 1929 гъэм ЛУГ-м щыIа мэкъумэш техникумыр кьиухащ. 1932-1937 гъэхэм щеджащ Осетие Ищхъэрэм и мэкъумэш институтым. 1937-1943 гъэхэм КъБАССР-м и Наркомземым щылэжьащ зоотехник нэхъыщхьэу, къудамэм и унафэщIу. Хэку зауэшхуэм и зэманым Закавказьем щыIащ, мыхьэнэшхуэ зиIэ пщэрыльхэр ягъэзащIэу, Дзэ Пльыжьым Iэщэ-фащэрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ дэIэпыкъуу, 1943-1949 гъэхэм жыдкэрэ холэжьыхь республикэм и Iэщыр зэфIэгъэувэжыным, гъэбэгъуэным. 1951-1956 гъэхэм пэрытщ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиум и УнафэщI, Министрхэм я Советым и Iэтащхьэ къулыкъухэм. 1957-1959 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIы, Министрхэм я Советым и Iэтащхьэм и къуэдзэщ, мыхьэмшэкIэхэр къэпжьынымрэ ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырынымкIэ министрщ. КПСС-м и 19-нэ, 20-нэ съездхэм хэтащ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатщ, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиум и УнафэщIым и кIуэдзэу лжкIащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и етIуанэ, еханэ хэхьгъуэхэм я депутатщ щытащ. Къэралым и дамыгъэ лъапIэхэу Ленин, Вагъуэ Пльыжь орденхэр, медалхэр къратыгъащ.

Адыгэ (шэрджэс) щIэнгъуэзэ. 2006 гъэ.

● Жыжьэ - гунэгъу

Гъуазэ

Лъостэн Георгий *1971 гъэ.*

ПсынщIэ дыдэуи «ди пIэм диз эгъэжьырт». ИкъукIэ дыфIэнгъкIырт ди адэм. Дыщцышынэу аратэкъым. Арэзы кьыззрытхэхьуным, зэрызыщцыдгъэтхъуным дыхущIэкъурт. Абы и унафэр ди дежкIэ уэгбакъуэ мыхъун хабзэ ткIийт.

- **ЗэрагъэтэжьмкIэ, Чэлимэт унафэщI куэд зрихгъэдэуэфырт. Кьыззгъэ-**

СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: **Лъостэн Хъызыр, ТIутI и щхьэгъуэ Гъащэнжу, Мухьэмэт ипхъу Баринэ. Сабийуэ тлъагъур Чэлимэтщ.**

Сурэтыр щытрахар 1914 гъэрщ.

пэщащIуэфIт. Сыт хуэдэ гъэхуфIи кьыдэкъурт. Апхуэдэ екъуэдIэнгъэм и щэхур, и хэкIыпIэр уэ дауэ кьыззрыбгурыIуэр?

- Жэуапльныгъэ хэлът. «Сэ сьынафэщIуи, псори фыкьыззэуфын хуейщ жьыкIэхэм ещхьтэкъым ди адэр. Япэраду, абы зэи пхуилэжьынутэкъым нэмысыншагъэ. Захуагъэ нэсыр и гъаззт. Зыгуэрэр мыгъукIэ, тыгъэ гъапIэкIэ е ерыскъыпхъэкIэ къуэрыуэпсэну хуеижьмэ, щIригъэгъуэжьырт, кьыихыпрэжьым, апхуэдэ «гуныштэр» зэримыдэнур быдзэу яжриIэрт.

- **Я ЛЪЫКЪУЭХЭМ КЪАФIОщI къуулыкъущIэхэм я унагъуэхэр тыншу, зыхуеи ягъэуэну псэуэ. Ар пэж? Фэ, псатьэм папщIэ, ерыскъыкIэ гугъу фыщеъхьа кьэхъуа?**

- Кьэхъуащ зауэ зэманым, Аушыджэр дыщыщэтIысхьэжам щыгъуэ. Дытыншакъым зауэ нэужьхэмэ. Хадэ тщIэрт. Бишэ кьарурэ кьэдгъэхъуртрэ кIэртIоф, нарзтыкъ, бжьыпI, къэбыстэ, пхъы, жьгундэ хуэдэхэр. Аэр бззэрым щытщэурэ, гуэдз хьэжьигъэ, щIакъуэ, Iэфыкъэ къэтщхъуэр. Пэжщ, упахуэ хъарзынэ кьратырт ди адэм. Абы унагъуэр мэжэщIалагъэм дыщIихьумащ. Ауэ, си псалъэмкI кьыззрыхэщащи, нэ хьапэрей унафэщIхэм, иджырейхэм хуэдзу, хэхъуэщхуэ яIакъым. КьыщIащ, псалъэм папщIэ, Мэлбахьуэ Тимборэ мылъкушхуэ кьыззрыщIэмынар. Апхуэдэт адэрей унафэщIхэри.

- **Чэлимэт и Iуэхум кьыззгурымыIуэу зы хэтщ: и чэзур (пенсэ кIуэгъуэр) къэмыкъуэ и Iэнатэм кьаззрыфIыгъкIар. Сыт ар кьызыхэкIар?**

- Ар зы псалъэ-псалъитIу пхуэжьмыIэнщ. Псэлъэгъуейт ди адэр. Абы фIэфIтэкъым и IуэхущIафэхэм я гугъу кьытхуищIын. Ауэ зэгурым зэхэсхыгъащ шхыдэу, и Iуэху еплъыкIр имыбзыщIу, и пэжьгъуэхэм фынур уи бынхэм я быныжхэрщ.

- Ар сыт щхьэкIэ?

- Зи щхьэнгъащ, жеIэ Мэлбахьуэм, - унафэ щыIэхэм кьызэрагъэувымкIэ, троллейбус зыдэтыпхъэр щыху мелуаным щIигъу зыщыпсэу кьалъэрщ.

Зэманым щыбжанэ дэкIаУэ, Москва сыщыIэу, сытогушхуэри, коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и деж сокIуэ. Сыдепутатти, тыншу сыщIагъэхьэ.

- Пысыт, фи Iуэху зытетыр, Кьубатий и къуэ Тимборэ и узынщагъэр зыхуэдэр кьызжеIэт, - нэфIэгуфIэщ министрыр. Нэрылъагъэщ ар ди республикэм кьызэрыхуэзарэзыр. Мэлбахьуэм Iуэху гуэркIэ сигъэкIуаУэ зэригугъэр.

ДызэщIэупщIа, дыкъуэршэра нэужь, си гурыIгъу-гурыщIэхэр хуэзоIуатэ:

- Троллейбус дыхуейт!..

- Ыни? - йоупIэ министрым и гуныкъуэгъэр. - Ар, ПIасэ, Iуэху гугъущ. Фи кьалэр щыкIыIуащ.

- Зэкiэ щыкIыни, курорт цIэрыIуэщ, республикэм и къалащхьэщ, зэрпымыууэ знужьыныщ...

ЗаулкIэ дызэпсэлъа нэужь, и щхьэр егъэсысри, кьыхсхупогуфIыкI.

- Дычэнджэщэнщ. Пщэдей кьыщIыхьэ, жэуап гуэр уэттынщ.

ЕтIуанэ махуэм, лэжьэгъуэ зэманыр кьызэрысыц, сыпгитеиуэ сыщIохьэ министрым и пэшым.

- Фи Iуэху пхыдгъэкIынущ, - жеIэ абы, - проектымкIи дыныбдэIэпыкъунущI...

Сеужьэрэжьыу Налшык кьызсогъэзэж. Мэлбахьуэм зыхузогъаз. Ар щыгуфIэзэ хуьакIэт министрым сыкьыззрригъэгуфа Iуэхуэм.

- Дэгъуэщ, - жиIащ, си Iэр кьынубыдри, - фIыщIэ пхузощI!

А псори кьыщIэсIуэтэжыр нэхъапэхэм щыпIэ унафэщIхэр гугъуэхэ Iаджэ зэрыхэзгъэ кьыхэзгъэщIын щхьэкIэщ. Си адэм, шэч хэмылъу, кьытехьэлъащ ищхьэмкIэ кьикI хуэ унафэ «дыкъуакъуэхэр», Iуэхуфэхэр кьыжьэдэзыкъуэ щхьэнгъэныгъэ щIыпIэ кьулыкъущIэм и унафэр, тэмэм дыдэу щытми, нэгъэущIым зэрикъутэфыр. Ар лэжьэфынутэкъым «шы пшэр уанэм» ецIэу, сыт хуэдэ Iуэху хьэдэгъуэдахэми зыдригъэкIуфу. Абы быдзу жиIащ и Iэнатэм кьыззрыкIыр. ЗэрысщIэжьмкIи, абы зэи хущIегъуэжакъым.

Ди адэр хэткIи щапхъэфIт, гъуазэфIт. Абы хуэзфIэкI кьигъэнакъым ди республикэрефIэкIуэн папщIэ. Ар хэлIыфIыхьащ Шъхьалыкъуэ, Бахьсэн, Прокладнэ чырбыш заводхэр, «Искож» комбинатыр, станок, рентген, кабель щащI предприятэхэр зэфIэгъэувэным, нэгъэущI Iуэхуфэ кIэдми. Ар псэуащ гуащIафIэу, хьэлэлу цIыхубэм яхуэлажьэу, и пэмыжащи лъагэу. Дэ, Лъостэнхэ, абы ину дрогушхэ.

Епсэлъар **ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийр.**

● Iыхьлым и псалъэ

БжьыфIэт, гуапэт, угъурыт

Къэбэрдей-Балъкъэрым зы цIыхуи исуи исауи кьыщIэкIынукъым сэ нэхъыр нэхъ пасэу Лъостэн Чэлимэт зыщIыхьуащ, абы гуапэгъэу, цIыхугъэу хэлъар зыхуэдизыр гурэ псэкIэ зыхэзыщIащ.

ПЭЖЫР жьэIэнщи, си дежкIэ тыншкъым Чэлимэт сытепсэлъыхьыну. Ар си IыхьлIыт, си анэм и дэлъху нэхъыжьым и къуэт. Абы кьыхэкIыуи си дзэ мэш Чэлимэт сыщыгтхьущэу газетым и щIэджыкIакIыгъэм къафIэщIыну пIэрэ, мыхъо-Iэри. Ауэ фIы быдэу сльагъу редакцэри схуэгъэщIэхъунукъым, адыгэлI гъуэзджэр кьызэралъхурэ ильэсищэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу игъэхьэзыр тхыгъэхэм си хэлъхьэныгъэ хуэзмыщIу.

Аращи, ялрэауэ сыхуейщ гу лъывзагъэтэну Чэлимэт теплъэ дахэ зэриам, ар бжьыфIэу, лъагъуГуаф1эу, нэжагужу, гуапэу зэрыщытам. Абы пщIэ яхуищIырт нэхъыжьхэм, зэрыхуэзэфIэкIкIэ игъэгуфIэрт нэхъыщIхэр. ЗыдзIэпыкъупхъэ щIыгъэм, гу ялъытэрт, защIигъакъуэрт. Сэ сщIэжыркъым, яIуатэуи цIыхубэм. Ауэ фIы дыдэу сльагъу редакцэри схуэгъэщIэхъунукъым, адыгэлI гъуэзджэр кьызэралъхурэ ильэсищэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу игъэхьэзыр тхыгъэхэм си хэлъхьэныгъэ хуэзмыщIу.

Аращи, ялрэауэ сыхуейщ гу лъывзагъэтэну Чэлимэт теплъэ дахэ зэриам, ар бжьыфIэу, лъагъуГуаф1эу, нэжагужу, гуапэу зэрыщытам. Абы пщIэ яхуищIырт нэхъыжьхэм, зэрыхуэзэфIэкIкIэ игъэгуфIэрт нэхъыщIхэр. ЗыдзIэпыкъупхъэ щIыгъэм, гу ялъытэрт, защIигъакъуэрт. Сэ сщIэжыркъым, яIуатэуи цIыхубэм. Ауэ фIы быдэу сльагъу редакцэри схуэгъэщIэхъунукъым, адыгэлI гъуэзджэр кьызэралъхурэ ильэсищэ щрикъу махуэм ирихьэлIэу игъэхьэзыр тхыгъэхэм си хэлъхьэныгъэ хуэзмыщIу.

Нобэ хуэдэу сощIэж (а зэманым сабийуэ сыщытами) Бэрбэч Къазий ипхъу, зи щхьэщ фIыщIэр зи лъэгуакъым нэсу щыта Дахэужь (сэ абы «ДахэщдэкIэ» седжэрт) Чэлимэт кьыщыхуаша пщыхьэщхьэр. А тIум гъащIэ ирагащ, ирагъэджащ, тамэму ягъэсащ бы-нищ: Володя, Георгий, Юрий. Щыми къаухкIащ щыху хьарзынэ, хэшхъ ин, щIэныгъэ куу зиIэ, зи лъэпкъым Iуэхуфl куэдкIэ хущщхьэпахэр. Владимир КъБХЪУ-м и ректору ильэс куэдкIэ лэжьащ, къэрал псом iэщIыгъуэ щыIэ щыхьэIу 1994 гъэм и фокIадэ маазэм дунейм ехыжащ. Абы ипхъу закъуэ Мадинэ филологиемкIэ щIэныгъэхэм я докторщ, Москва дэсщ, МГУ-м и профессорщ.

Георгий Москва дэт Энергетикэ институтыр кьиухри, Налшык и предприятэ зыбжанэм ящIэрт. Iуэхуфэщ, партым и къалэ комитетым и етIуанэ секретарщ зыкъомрэ щытащ, Налшык къалэ Советым и исполкомым и тхьэмадэ къулыкъуми пэрытащ. Абыра и щхьэгъусэ Кремлинэрэ я щIалитIкIэ - Аэмэтэ Русланрэ - щIэныгъэфI зрагъэгъуэтауэ Москва щопсэу, щолажьэ.

Юрийрэ и щхьэгъусэ Ритэрэ бынитI яIащ - Маринэрэ Асльэнрэ. ТIури цIыху гуапэщ.

Лъостэн Чэлимэт, зэрыгъэгъэкIуи, Iэужьыфри лIыужьыфри иIащ. Абы зэ-фIыгъэкIа лэжьыгъэфIыр къэралым щыгъупщакъым - къратыгъащ Хэкум и дамыгъэ тхьамыгъэ зыбжанэ.

Мы зыри щIыгъужьищ, Лъостэным цIыхугъэ ин хэлъу зэрыщытам щыхьэт драгъэкIуэтэящ, зэфIэкI хьарзынэ иIэти. Лъостэныр пэрытащ республикэм щыIэ Iэнатiэ нэхъыщхьэ дыдэхэм. Пэрытащ гуащIафIэу, зэчиифIэу, Iэужьфlэкмкiэ жэрдэмщIакIуэу. Абы ищIэртэкъым льэпкъ зэхэгъэж, фыгъуэ-ижэ жьыхуIэхэр. ИщIэр зыт: дэтхэнэ зэри псаемыблэжу, пIэрэ, ягъэтымрэ къэралымрэ яхуэпэжу лэжьэн зэрыхуейрт, езыриа абы и лъэныкъуэкIэ нэхъыщIэу ныбжьыщIэхэм (нобэ щIэныгъэкIэ хэм) щапхъэфI зэрахуэхъупхъэрт.

Сэбэн хъуфыну ищIамэ, Лъостэныр сыт хуэдэ Iуэхуми хэлIыфIыхьырт. Абы теухуауэ щапхъэфI Iэджж къэсхьыфынущ. Сыкьыстеувыгэнщ мыпхуэдэ Iуэхум, языныкъуэхэм «жьгъейуэ» къафIэщIынкIи хъунум. Чэлимэт и жэрдэмкIэ, ильэс къэс зы мазэ хухах хъуат губгъуэ жьыгпхъэ («амбрэзие» жьыхуаIэ) удзыжьыр гъэкIуэдыныи. ЗышIагъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а гъэмыгъэм жьыджэру хэтт республикэм и кьалэ, къуажэ, уэрам, хьэблэ псори. Зэхьэзэхуэурэ цIыхухэм ягъэкIуэдырт аллергие уэ бзаджэр кьызышIэ. Сыту фIыт ди зэманми а хабзэ хъарзынэр ямыгъэкIуэдыжатэмэ!

Нобэ хуэдэу сощIэж (а зэманым сабийуэ сыщытами) Бэрбэч Къазий ипхъу, зи щхьэщ фIыщIэр зи лъэгуакъым нэсу щыта Дахэужь (сэ абы «ДахэщдэкIэ» седжэрт) Чэлимэт кьыщыхуаша пщыхьэщхьэр. А тIум гъащIэ ирагащ, ирагъэджащ, тамэму ягъэсащ бы-нищ: Володя, Георгий, Юрий. Щыми къаухкIащ щыху хьарзынэ, хэшхъ ин, щIэныгъэ куу зиIэ, зи лъэпкъым Iуэхуфl куэдкIэ хущщхьэпахэр. Владимир КъБХЪУ-м и ректору ильэс куэдкIэ лэжьащ, къэрал псом iэщIыгъуэ щыIэ щыхьэIу 1994 гъэм и фокIадэ маазэм дунейм ехыжащ. Абы ипхъу закъуэ Мадинэ филологиемкIэ щIэныгъэхэм я докторщ, Москва дэсщ, МГУ-м и профессорщ.

Георгий Москва дэт Энергетикэ институтыр кьиухри, Налшык и предприятэ зыбжанэм ящIэрт. Iуэхуфэщ, партым и къалэ комитетым и етIуанэ секретарщ зыкъомрэ щытащ, Налшык къалэ Советым и исполкомым и тхьэмадэ къулыкъуми пэрытащ. Абыра и щхьэгъусэ Кремлинэрэ я щIалитIкIэ - Аэмэтэ Русланрэ - щIэныгъэфI зрагъэгъуэтауэ Москва щопсэу, щолажьэ.

Юрийрэ и щхьэгъусэ Ритэрэ бынитI яIащ - Маринэрэ Асльэнрэ. ТIури цIыху гуапэщ.

Лъостэн Чэлимэт, зэрыгъэгъэкIуи, Iэужьыфри лIыужьыфри иIащ. Абы зэ-фIыгъэкIа лэжьыгъэфIыр къэралым щыгъупщакъым - къратыгъащ Хэкум и дамыгъэ тхьамыгъэ зыбжанэ.

Мы зыри щIыгъужьищ, Лъостэным цIыхугъэ ин хэлъу зэрыщытам щыхьэт драгъэкIуэтэящ, зэфIэкI хьарзынэ иIэти. Лъостэныр пэрытащ республикэм щыIэ Iэнатiэ нэхъыщхьэ дыдэхэм. Пэрытащ гуащIафIэу, зэчиифIэу, Iэужьфlэкмкiэ жэрдэмщIакIуэу. Абы ищIэртэкъым льэпкъ зэхэгъэж, фыгъуэ-ижэ жьыхуIэхэр. ИщIэр зыт: дэтхэнэ зэри псаемыблэжу, пIэрэ, ягъэтымрэ къэралымрэ яхуэпэжу лэжьэн зэрыхуейрт, езыриа абы и лъэныкъуэкIэ нэхъыщIэу ныбжьыщIэхэм (нобэ щIэныгъэкIэ хэм) щапхъэфI зэрахуэхъупхъэрт.

Сэбэн хъуфыну ищIамэ, Лъостэныр сыт хуэдэ Iуэхуми хэлIыфIыхьырт. Абы теухуауэ щапхъэфI Iэджж къэсхьыфынущ. Сыкьыстеувыгэнщ мыпхуэдэ Iуэхум, языныкъуэхэм «жьгъейуэ» къафIэщIынкIи хъунум. Чэлимэт и жэрдэмкIэ, ильэс къэс зы мазэ хухах хъуат губгъуэ жьыгпхъэ («амбрэзие» жьыхуаIэ) удзыжьыр гъэкIуэдыныи. ЗышIагъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а гъэмыгъэм жьыджэру хэтт республикэм и кьалэ, къуажэ, уэрам, хьэблэ псори. Зэхьэзэхуэурэ цIыхухэм ягъэкIуэдырт аллергие уэ бзаджэр кьызышIэ. Сыту фIыт ди зэманми а хабзэ хъарзынэр ямыгъэкIуэдыжатэмэ!

1957 гъэм «Советская Россия» газетым кьытрадзауэ щыIащ мы сурэтыр. Лъостэн Чэлимэт ёопсэхъыуIэ зи лъахэм къэзыгъэзэжа колхозхэтхэм, Балъкъэр Ипщэм щыпсэуахэм.

Дзэзешэ цIэрыIуэ Жуков Георгий *(яку дэтырщ)* **ди республикэм щохьэщIэ. Абы и гъусэм** *(сэмэгумкIэ яхыщыIуэдзауэ)* **Щербо Илья, Мэлбахьуэ Тимборэ, Ахъуэхъу Аслъэнбий, Лъостэн Чэлимэт сымэ.**

ДЭХЪУЩОКЪУЭ Мусэ, *Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-ми Министрхэм я Советым и унафэщIу гъэкIа:*

- Партым и Дзэпкъыкъуэ райкомым и яп секретару сыщылажьэм, Чэлимэт Министрхэм я Советым и унафэщIым и къуэдзэт, мэкъумэш хозяйствэм и нэIэ нэхъ тетт. ЩIэх-щIэхыурэ ди районым накIуэрт, ди Iуэху зытетыр зригъаIэрт, хуей хъумэ, кьыддэIэпыкъурт.

Чэлимэт цIыху щыпкъэт, гуапэт, жьыпIэм гупсэхуу кьедэIуэфырт, сэбэп кьызэрыпхуэхъунырэ и гуращэу.

Зэгуэрым, нартыху Iухьыжьым щIэдзэнкIи щIэдгъэгуфIэ зригъэщIэну, нытхуоблагъэ. Зэгъуэгу хьэсэхэр кьызэхыдокIухь икIи дольагъу: щIыпIэуэт, уепIэщIэкI хъунутэ- кIым.

- Да, Мусэ, чижэло будет Вам! - кьызжеIэ («тяжело» псалъэр тIэкIу зэхъуэкIаУэ кьыжьэдэкIырт). ФIэхъус эдоохьжри, Налшык кьокIуэж, гъавэр кьехьэлIэжьыным пыщIа лэжьыгъэхэр хэдгъэкIэжкI щыну.

Ауэ мыгуэру жэп кьох, нартыху бзийр елыпщI, нартыхури псынщIэ дыдэу мэхъури, хъарзынэуи Iудохьж.

Зыкъом докIри, кьызоцIыху Чэлимэт и къуэ хъарзынэхэр. Си гуапэу зыхьэзощIэ ахэр зэфIэкI зиIэ, зи адэм хуэфащэ защIэу зэрыщытыр.

Сэ зэрысщIэмкIэ, Чэлимэт и бынхэм кьахунгъэнар мылькъущхуэкъым, зи уасэр икъуэГэ льапIэ фIыгъэщхуэхэрщ - щапхъэфIщ, гъуазэфIщ, щIэ дахэщ, нэмыс лъагэщ!

МОВСИСЯН Черкес, *«Iуащхьэмахуэ».*

Насыпыщхуэщ, дэрэжэгъуэщхуэщ, уи гъащIэ гъуэгуанэр зыкъомкIи пхуэзыгъэтынущ куэдым пщIэ зыхуащI адэ-анэ уиIэныр: ар икIи жэуапльныгъэ пхэльыну, щапхъэфIу ущытыну, мыхъумыщIагъэхэм защыбдзеину ухуеныджэ кьыру пэху телъыджащ.

Апхуэдэ гупсысэ хэм сызэщIалъыгъэу щIыбэдзэ Лъостэн Чэлимэт и къуэ курыт Георгий сепсэлъэн.

- **Яп щIыкIэ, щыгъуазэ дыхуэщIыт, Георгий, фи унагъуэщIэр зезыхьэ лъэпкъым и къежьапIэм.**

- Тхьаумэтэхэм зэрадуэтэжьмкIэ, Лъостэнхэ лъэпкъыжьщ, нэхъапэхэм Псыгуэнэсу щыпсэуащ. Урыс-Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэ, заIэтри, адыгэ мухьэжьыркъэм я гъусэу, Тыркум, Иорданым, Сирием, нэгъуэщI щIыпIэхэми Iэпхъуащ. Гъуэгуанэ техьэн зымыдэу адыгэщIым кьинар Лъостэн Шупагуэ и щхьэгъусэрщ. Ар Дыгъужьыкъуэй (нобэрей Аушы-джэрым) дэса и дышым (Журтхэ) кьахэтIысхьэ-жьыгъащ, зы щIалэ цIыкIуэ зыбжанэрэ щIыгъуу. А щIалэ цIыкIуращ, Шупагуэ и къуэ Мухьэмэтщ, ди пIэнкIым «пъэдкъэщIэ» хуэзыIуэжар. Мухьэмэт и къуэ ТIутI и быныжщ си адэ Чэлимэт.

- **Уэ пщIэжрэ ТIутI и тепщэкIэ зыхуэдар?**

- СощIэж ТIутIи, уебгъэмэ Мухьэмэти. Иужьрейр лIы лъахъшэ къуэрыкI цIыкIут. Илъэси 108-кIэ псэуащ, 1937 гъэм дунейм ехыжащ. Абы щыгъуэ сэ си ныбжьыр зэрыхъуар ильэсищ кьудейт. Ауэ ноби тепльафIэ дыдэу си нэгу щIэтщ а лIыкъыр.

ЖыIэжу зэхэсхащ мы хъыбар щIыкIур. ТIутI, и шым сытригъэтIысхьат. «Быдэу зыIыгъ» жиIэри, шым щопщкIэ щеуэм, ар щIэльэтри, сыкьыехуэхат. Сы адэщхуэр уэрамым гъэдыхьахьащ, «ЛIы ухъуакъым» жьыхуIэу, зыIуригъэхьыжьыгъащ.

- **Уи адэр сыт хуэдэу уи нэгу кьызэрыщIэнжьар?**

- Ар зэзэмызэхэт зэрытлъагъур. Сабийхэр дыжейуэ тхэкIыртри, жэщыбгъ хъуауэт, дыжеижауэт кьыщытхъыхьэжьыр. Зауэ нэужь ильэсищэнэти, дэтхэнэ кьулыкъущIэми кьалэн Iэджэ и пщэм дэльт. ЗэфIэгъувэжьын хуейт биим зэхихьуга заводкэр, хозяйствэхэр, еджапIэхэр, сымаджэщхэр. Дэфтэру ямыбзыхуами, мыпхуэдэ хабзэ щыIэт: Сталиныр зыщыщIажьэ пэщыщIэсхьуикIэ щIыналъэ кьулыкъущIэхэр жеину гъуэтыжьыртэкъым. Сталиныр нэхущ пщIондэ и Iэнатiэм пэрытт. Арати, ди адэри и лэжьапIэм кьыщыгувэрт. Абы хуэзфIэкIыртэкъым IэхъуэгъуэтегъэкIыу и кьалэнхэр игъэзащIэныр. Гурэ псэкIэ егуГурт и Iуэхухэм. И лжьэгуэгъэми зыщIагъэхьэу яхуидэртэкъым.

Абы щыгъуэ зэкъуэщхэр дызыгъашхэри дызыхуапэри ди анэрт. ДыщцыкъуещIкIи къэхуаму, «ди адэм жесIэжынущ» - кьыжджиIэрт. Ауэ ди пIэм дизэгъэжьырт». ИкъукIэ дыфIэнгъкIырт ди адэм. Дыщцышынэу аратэкъым. Арэзы кьызэрытхэхьуным, зэрызыщцыдгъэтхъуным дыхущIэкъурт. Абы и унафэр ди дежкIэ уэгбакъуэ мыхъун хабзэ ткIийт.

- **ЗэрагъэтэжьмкIэ, Чэлимэт унафэщI куэд зрихгъэдэуэфырт. Кьызэгъэ-**

СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ: **Лъостэн Хъызыр, ТIутI и щхьэгъусэ Гъащэнжу, Мухьэмэт ипхъу Баринэ. Сабийуэ тлъагъур Чэлимэтщ.**

Сурэтыр щытрахар 1914 гъэрщ.

пэщащIуэфIт. Сыт хуэдэ гъэхуфIи кьыдэкъурт. Апхуэдэ екъуэдIэнгъэм и щэхур, и хэкIыпIэр уэ дауэ кьыззрыбгурыIуэр?

- Жэуапльныгъэ хэлът. «Сэ сьынафэщIуи, псори фыкьыззэуфын хуейщ жьыкIэхэм ещхьтэкъым ди адэр. Япэраду, абы зэи пхуилэжьынутэкъым нэмысыншагъэ. Захуагъэ нэсыр и гъаззт. Зыгуэрэр мыгъукIэ, тыгъэ гъапIэкIэ е ерыскъыпхъэкIэ къуэрыуэпсэну уеужьэмэ, щIригъэгъуэжьырт, кьыихыпрэжьым, апхуэдэ «гуныштэр» зэримыдэнур быдзэу яжриIэрт.

- **Я ЛЪЫКЪУЭХЭМ КЪАФIОщI къуулыкъущIэхэм я унагъуэхэр тыншу, зыхуеи ягъэуэну псэуэ. Ар пэж? Фэ, псатьэм папщIэ, ерыскъыкIэ гугъу фыщеъхьа кьэхъуа?**

- Кьэхъуащ зауэ зэманым, Аушыджэр дыщыщэтIысхьэжам щыгъуэ. Дытыншакъым зауэ нэужьхэмэ. Хадэ тщIэрт. Бишэ кьарурэ кьэдгъэхъуртрэ кIэртIоф, нарзтыкъ, бжьыпI, къэбыстэ, пхъы, жьгундэ хуэдэхэр. Аэр бззэрым щытщэурэ, гуэдз хьэжьигъэ, щIакъуэ, Iэфыкъэ къэтщхъуэр. Пэжщ, упахуэ хъарзынэ кьратырт ди адэм. Абы унагъуэр мэжэщIалагъэм дыщIихьумащ. Ауэ, си псалъэмкI кьыззрыхэщащи, нэ хьапэрей унафэщIхэм, иджырейхэм хуэдзу, хэхъуэщхуэ яIакъым. КьыщIащ, псалъэм папщIэ, Мэлбахьуэ Тимборэ мылъкушхуэ кьыззрыщIэмынар. Апхуэдэт адэрей унафэщIхэри.

- **Чэлимэт и Iуэхум кьыз-**

Лъостэн Георгий *1971 гъэ.*

фынур уи бынхэм я быныжхэрщ.

- Ар сыт щхьэкIэ?

- Зи щхьэнгъащ, жеIэ Мэлбахьуэм, - унафэ щыIэхэм кьызэрагъэувымкIэ, троллейбус зыдэтыпхъэр щыху мелуаным щIигъу зыщыпсэу кьалъэрщ.

Зэманым щыбжанэ дэкIаУэ, Москва сыщыIэу, сытогушхуэри, коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и деж сокIуэ. Сыдепутатти, тыншу сыщIагъэхьэ.

- Пысыт, фи Iуэху зытетыр, Кьубатий и къуэ Тимборэ и узынщагъэр зыхуэдэр кьызжеIэт, - нэфIэгуфIэщ министрыр. Нэрылъагъэщ ар ди республикэм кьызэрыхуэзарэзыр. Мэлбахьуэм Iуэху гуэркIэ сигъэкIуаУэ зэригугъэр.

ДызэщIэупщIа, дыкъуэршэра нэужь, си гурыIгъу-гурыщIэхэр хуэзоIуатэ:

- Троллейбус дыхуейт!..

- Ыни? - йоупIэ министрым и гуныкъуэгъэр. - Ар, ПIасэ, Iуэху гугъущ. Фи кьалэр щыкIыIуащ.

- Зэкiэ щыкIыни, курорт цIэрыIуэщ, республикэм и къалащхьэщ, зэрпымыууэ знужьны

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Сынохъуапсэу

Дерсыр здекIуэкIым Инал мыIэрысэ ишхыу егъэджакIуэм щилъагъум, бгъэдыхьэри еупщIащ:

- Уэ дауэ укъыгэплъынут сэ мыIэрысэ сшхыуэ уи пащхьы сыкъыуватэмэ?

- Сынохъуапсэу, - жуап кьитащ щIалэ цыкIум.

Адрей псори

Юрэ и кьуэш цыкIу Тимур еупщIащ:

- Альфбейр пшIэрэ?

- СощIэ, - жиIащ.

- Сыт хуэдэ хьэрф атIэ «А»-м къыкIэлъыкIуэр?

- Адрей псори, - кьитыжащ Тимур жуап.

Апхуэдэуи пщIы мэхъу

Мадинэ мыIэрысэ ишха нэ-ужь, псы ефэрти, анэр еупщIащ:

- Сыт апхуэдизэ псы щIыIэ ущIефэр? - жиIэри.

- МыIэрысэр стхъэщIыну сыхунэсатэкъыми аращ.

Нэхъ жыжьэр

- Азнаур, уэ узэреплъымкIэ, Мазэмрэ Африкэмрэ дэтхэнэр нэхъ жыжьэ? - егъэджакIуэр еджакIуэм йоупщI.

- Африкэращ, шэч хэмылъу, - жуап кьетыж Азнаур.

- Ар сыт щхьэкIэ?

- Мазэр дольагъу, Африкэр тлъагъуркъым.

Щымахуэ зэман

ЕгъэджакIуэр щIоупщIэ:

- «Сэ сопсчэ», «Уэ уопсчэ», «Ар мапсчэ» псалъэухахэр сыт хуэдэ зэманым иг?

- ЩIымахуэ зэманым, - къыхэгоуокIащ Тембот.

Зытхыжар

КЪАНТЕМЫР Тырку́бийщ.

● Сабийхэм я бзэкIэ

● Теплъэгъуэ



Хэт шахмат кьыздэдэгуэн?

Сурэтыр **КIУАЩ Хьэутий** *трихащ.*

● Гушыlэ

Апхуэдэу жеIэ хэт ухуэзэми

Дизыкъуаэж и гъунэгъу фызыжь щIыкIу нэпсей гуэрым мэл гъэшха пшэр иЕт. Абы и мэлыр нукIыу ишхыжыну мурад зэрищIри куэд щIат, арщхьэкIэ и гъунэгъуэм яхуихьыну Iыхьэм щIэфыгъужырти, кьигъэнэжырт. Гъунэгъу Iыхьэ хэмыкIыу мэлыр зэрищхьи Iэмал кьыщыхуэмыгупсысам, Дизыкъуаэж деж чэнджэщкIуэ кIуащ.

- Ар Iуэху-тIэ, абы нэхъ гуэвэгъуэ уимыIащэрэт, - иритащ чэнджэщ абы Дизыкъуаэж. - Уи мэлыр укIыжи, гъэпщкIу, ядыгъуауэ гъэIуи, щэхуурэ ишхыжынщ.

Чэнджэщым игу щриихым:

- Уэ дэнэ сыпхъыжьи, накIуи, зыми имылъагъуу схуфIэгъэж, а жыхуэпIа дыдэм хуэдэу сщIынщ, - жиIэри кьелъIуащ фызыжь щIыкIур. Дизыкъуаэжи абы мэлыр хуфIигъэжри, пъэнпкъуэ згъэзынымкIэ дэIепкъуащ. Уэ пщыхьэщхьи мгъэзэжщ, «Гъунэгъу Iыхьэ хэпхьи уигу щыпсымыкIаКIэ, псоми уохэгъэкIыжынщ», - жиIэри мэл уклар кьидыгъуащ, кьулейсмэрэ зеиншэу хьэблэм дэсым яхуигъэщри ежьхэщащ.

Пщэдджьжьым жьыуэ и гъунэгъур кьежжкIащ:

- Сагъэфэнчхьэщ, зызгъэлIожу згъэшха си мэлыр ядыгъуэрэ - жиIэу.

- Тэмэму зэхэплъхьащ, мис апхуэдэущ иэгъэущ зыбжанэм жеIэ.

- Сэ пэж дыдэу жызоIэ, щIы супсмэ, тхьэм ди унэ сынимыхьэсыжкIэ.

- Тэмэмщ, тэмэмщ. Мис апхуэдэ дыдэу жеIэ хэт ухуэзэми, - жиIэуэ Дизыкъуаэж и гъунэгъу иэпсейр пщIантIэм дишыжащ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

2000 гъэ.

● Хабзэ

Щауэеджэ хъуэхъу

ХьэгъуэлIыгъуэ дауэдапщэхэм щыщу нобэрей зэманым унэпишэр нэхъ кьыдэтенэри щауэеджэ, щауэишэхэр нэхъ кIащхьэ хъуащ. Ауэ щыхьэкIи, мыр хабзэм и нэхъыфIхэм хабжэрт, нэхъ гъэсэныгъэшхуэ хэпъуи кьаПыитэрт. Щауэеджэр езыгъэкIуэкIыр хьэблэм щыщ иэ хъ лIыжь жьакIуэ е джэгуакIуэт. Щауэр кьыщашэжкIэ щIалэгъуэлэм джэгу жыщIэрт, уэредадэр жаIэрт. Нобэ мыбдеж кьыщыдсэкъ иджыпрей зэманым нэхъ кьегъэзэгъауэ щауэишэжым деж ягъэзащIэ уэрэдымрэ, щауэеджэ хьэхъуэмрэ. Уэрэдыр жызыIэфынум иукIуэдиIуэ кьыхидэрт, адрей щIалэхэри абы дежьурт, пшынауэ, накъыраплщэ, пхьэцIыч макъхэри дахэу кьэIуэрт:

Щауэ махуэр идошэрэ!
Ежьу: **Ой-ра, Ой-рай-да,**
Ща-уэ ма-хуэ!
Зыхуэтшэжыр уей, Iэщхьжукъэ!
Ежьу.
Iэщхьэхуу дахэр ныхуотэджрэ!
Ежьу.
Уей хуэтэджкри ар бгъэгухукъэ!
Бгъэгуху щIыIури зэротъэлъкъэ!
Ежьу.
Уей, ди щауи йокъур-йолърэ!
Ежьу.
Йлъ зы хъуащи я псэ зощIрэ!
Ежьу.
Зилъ зэпщIари ар лъэпкъ махуэщ!
Ежьу.
Щауэ махуэр кьэтшэжакъэ!
Ежьу.
Фыхуэмеймэ Iудошыж - жи!
Ежьу.
Уэрэдым нэгъуэщI гушыIэ псалъэхэр хагъэзагъэу е ардыдэр кьытрагъэзэжурэ жаIэ.

АдэкIэ тхьэмадэр щауэм тIэу е щэ йоджэ.

Ялэ еджэгъуэ:
Уей, ди щауэ къудану,
лIэщIыгъуэр зей!
ФыгъуэкIэ дызыщIигъуы,
щауэм я лей!
Адэ-мыдэхэр кьызэхэпкIухьри,
Дахэм я нэхъ дахэр уэ кьытхуэпхьащ.
Кьытхуэпхьари кьэрэкъатиныэ
бэрэтIинагъэущ,
Данагъуэ Iупэу щхьэщыпэ
дыкъуакъуэщ.
Зи щхьэщыкIитIри лъэдакъэм теуэщ,
ПщIащхъуэм и кIитIри зи набдзэщ.
Уафэм и щхъуантIэри зи нитIщ,
Кьрым бжьжуцри зи щIыбэщ.
ЛъэкIапIэ хуэкъи бгъэгъуэщ.
Щауэр щIызэныкъуэкъуэ
бжьыкI щIызэфIащIыкIщ,
ЛIыщхьэм кьапхъэн зрадзу,
Дзы зыхуамыщIыж лъэпкъми
кьаехэпхащ.
АтIэ, иджы абрэджу щхьэ уежьэжа?!
«Пхъэ гъур кьытхуэпшакъым,
Уи кIапсэр гуанэщ, уи джыдэр
дзагуэщ,
Уиш увыIащ, уи гужьыр
хъарщ» - жаIэу къошхыдаIа?!
Зумыгъэгусэ, си щауэ щIалэ,
Нобэрей уи махуэр махуищэ уасэщ, -
ГазкIэ уопщафIэ, уи унэ зэтетщ,
Уи Iуэжу бдаIэ тун благъэр зэхэтщ,
Кьебэкъуэж бжэщхьэIуми,
щауэбжьэр сIых!
Дариниlэ хужьми кIуэжи щыижей,
Ауэ, сожей жьыIэуи ухэмыжае!

ЕтIуанэ еджэгъуэ:
Уей, ди щауэ набдзапщIэу,
ЛIы фIыщIэ гъущIынэ,
ЛIыфIкIэ зи цIэр кьрагъуэ
Уардэ унэжьым щапIа!
Бажэ уещэм щыхь кьэбукIыу,
Бдзэжьеи уещэм дыщэ кьихьэу,
Тхьэм куэдрэ утхуигъэпсэу!
ИрикъункIэ кьэпкIухьащи,
КьакIуэ, иджы, кьеблэгъэжь!
Нысэ щыкIу кьытхуэпхьари
Джэдым хуэдэу быныфIэу,
Щыфым хуэдэу щIэрыIуэу,
Хьэфым хуэдэу жьIэщIэу,
У нафэр унэм иримыхыу,
Дыщ кIуэжьрейуэ щымыту,
У нэр игурэ и быи нуэдэу,
Щыфым хуэдэу щIэрыIуэу,
Гъуэгъэтыжьажмэ уи Iупэм кьепщIу,
Жьы фыхъуху Тхьэм фызыдигъэпсэу!
КъэпкIухьамэ, пхудогъэгъури,
СIых, иджы, щауэбжьэр,
си шынэхъыщIэ!

Ещанэ еджэгъуэ
(мыбы гушыIэ, ауан нжьыбэ хагъэхьэ):
У ей, ди щауэ щIалэу, щауэ къудан,
СампIэмыхьэ щхьэ ухьуа?!
Гупхэмыхьхьэр бжьыщIэхьэщ,
Хьэмэ унш пщIэгъуалэм урихьэжьа?!
Хьэмэ уэ фIэкIа къэзыхьа щымыIэ
ун гугъэжа?!
Е пфIэдахащэ хьужу ут ёмэжа?! -
Хьэ гъэсакIэ дыпшхьэхурн
удгъэзыжьыркъым,
Жьып телефонкIэ докIэпсаурэн
ущымщ.
КьакIуэ, кьебэкъуэж бжэщхьэIуми
Балигъ хъуам и нэпэнэу
ЛIакъунблкIэ тхудэбжей,
ЛIакъунблкIи тхуебжьыхьиж,
ИтIанэ фызэрыпсэуным нужь ит.
У и адэ ГъахэжьI умыбгынэ,
ПсыжапIэжь унэ тумыщIыхь.
Нысэ щыкIу кьэшIамри
утемыхъущIыхьу
Фомрэ цымрэ хуэдэу
фызэкIэрыщIауэ,
Фи унэ кьихьэм насыпэ кьрахьэу,
ИкIыжьым акъыIэ ирахьэу,
Фи гущэр куэду, фи мащэр мащIэу
Адыгэ унагъэушхуэ дахэу тхьэм
фигъэпсэу!
Иджы ирикъунщ сызэроджари,
Щауэбжьэр кьэIэбги сIых,
си шынэхъыщIэ!

Щауэм бжьэр кьыIехри, «сыноджэ» жыхуиIэу щауэкъуэтымкIэ хуоплъэкIри, езыр тIэкIу хэфа нужь абы хуеший. ИтIанэ бгъэщIэсым махъсымэм кьыхигъэхьуэжа нужькIэ, щауэм кьретыкри абы тхьэмадэм хуешиижь. ИтIанэ адрей кьыхуашийхэри кьаИхыуэр и гъусти Iэм ярет, хуит кьащIыжа щауэр щIыбкIэ бжэщхьэIум нэх кьоклуэтыкри, щIотхьуэжь. ЩыIэзи мыпхуэдэхэм деж уэздыгIэр ягъэункIыфIу, щауэм еуэу зэранхэр, ауэ аехэр хабзэ дахэкъым.

Зытхыжар

ДЖЭГЪЭФ Хьуесиц.

● Жыlэгъуэхэр

ФIыщIэмрэ щытхъумрэ зыкъым

♦ Iэмал зимыIэ щыIэкъым, щымыIэр Iэмал хуеКIуэнщ.
♦ ЩIэблэм щIэину лъабжьэфI къахуэнэмэ, щхьэкIэр ешым ящIыжынщ.
♦ Тхуэмыфащэ мыхъумэ, дызыхуэмыфащэ щыIэу тщIэркъым.
♦ Лъагъуныгъэ блэкIам укIэлъыдэжри, дэгум уесалъэри зыщ.
♦ Уи псэр зыхьэхур абы хуэныкъуэмэ, уи насыпщ.
♦ Иэзаныем щытхъупс къезыгъэжэх ткакIуэм итхыр лъэIу тхьылъщ.
♦ ПхузэфIэмыкIынум зыкIэрумыщIэныр лIыгъэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Уи бзэгур шх эмэ, лыщIэ пшхынущ.
● Уи лъэгу шхэмэ, гъуэгуанэ утохьэ.
● Унагъуэм я хьэкъущыкIу къутэмэ, быным ящыщ гуэрым и бэIутIэлу абыкIэ щхьэщыкIаеуэ кьалЪытэрэ, «хьер ухьу!» жаIэрт.

Щхьэц налъэ къыхэжамэ

● Нэщэнэхэр

♦ Фэбжь зытехуар гъущIыпэкIэ кьатхьыхьырт, бзаджэнаджэ зэран хуэдгъэхъункъым жаIэрти.
♦ Цыкъум и щхьэц налъэ кьыхэжамэ, фIыуэ илъагъу гуэрым хуэзэнущ.
♦ Щэнт льагэ утесу уи лъакъуэ щIэбупскIэну фIыкъым.

● Къэпкъ шхыныгъуэхэр

Кхъуей гъэжьа

Ар лIэужьыгъуэ зыбжанэу ягъэхъэзыр.

а) ТхъущIынэкIэ е тхъу гъэвжакIэ бжьын ягъэлыбжьэ. Щыбжий плъыжь хакIутэ. КхъуеишIэ Iэкlэ ягъэлъэлъар абы халъхъэри, дакъинкъи 5 - 10 хуэдизкIэ, зэIащIэзри, ягъакIэ. Пщтыру Iэнэм тралъхъэ.

б) ПIащIэу зэпыупщIа кхъуеишIэ Iыхьэхэр тхъущIынэм е тхъу гъэвжам хэлъу жьэпхьалъэкIэ ягъажьэ, зэрагъэдзэкIыуэрэ. ИтIанэ фIыуэ яда джэдыкIэпс щIакIэри, аргуэру ягъэжьэж, зэрагъэдзэкIыуэрэ. Шатэм е шхум и гъусэу пщтыру Iэнэм трагъэувэ.

в) ЩыкIу-цIыкIуу IэкIэ гъэлъэлъа кхъуеишIэр дакъикъэ щIэжьажьэ кIэ тхъуКIэ ягъажьэ, абы джэдыкIэпс уда щIакIэж. Пщтыру Iэнэм щытрагъэувэкIэ, шатэ и щIыIум тракIэ.

«Адыгэ шхынхэр» тхылым къытхыжащ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Адыгэ лъэпкъым кьыхэкIа, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, дуней псом щыщIэрыIуэ сурэтышI. **6.** КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **7.** ... и фо изщ. **11.** УФ-м и щIыхьэ артист, Щоджэнцыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта. **12.** Зи къэшэгъуэ е кьишагьащIэу хьэгъуэлIыгъуэ зращIэкI щIалэ. **14.** XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ еджагъэшхэр, зэрыхуагъэфащэмкIэ, ар урыс усакIуэшхэр Пушкин Александри Iущ Iащ. **16.** Щоджэнцыкъу Нурий и поэмэ. **18.** Кьагъыпмэс Борис и тхыпIэ. **19.** УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнцыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта. **20.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ куей. **24.** ... мыхъуэрагI. **25.** КъБР-м и щыхфэ артистхэ, Щоджэнцыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ. **26.** Хуабжьу фейдей, тепIаджэ. **28.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щежэх псы. **30.** Мэл зыхэвэ нэхъри ... зыхэпкIэ. **31.** Псым адэкIэ къыщыIыть щIы. **32.** Куэншыб зэтеубам кьыхащIыкIыу щыта гъэсыныпхъэ. **33.** Акъсыр Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэм хэт щIалэ.

Кьехуу: **2.** ССР-м хэту щыта, Кауказ щIыбым щыIэу къэрал щхьэхуэ хъужам и щыхьэр. **3.** Псыр здежэх псынкIуэ. **4.** Пасэ зэманым щыхуэхэр зэрызекIуэу щыта, щхьэ зытелъ щыгу. **5.** Генерал, еджагъэшхуэ, политик, уэрэджыIакIуэ щэрыIуэ кьызыкIэкIа лъэпкъ. **8.** Художественнэ тхыгъэ ин. **9.** Абгъуэ имыщIу нэгъуэщIхэм якIэщIэкIащIэ, зи цIэр изыIуэж кьуаIэбзу. **10.** Акцкан Руслан и новеллэ. **13.** Адыгейр зи хэку адыгэ лIакъуэхэм языкхэз. **15.** Даур Аслъэнрэ Мэщбашэ Исхьэкъэрэ я уэрэд. **17.** Ин, бжьыфIэ, дэгъуэ, пэщ. **18.** МахуэщIэ. **21.** Гъавэ зыщIакIуэтэ, щахьмэз. **22.** 1694 - 1735 гъэхэм псэуа, французкIы литературэм и классик адэгъэ цIыхубз. **23.** ЩэджьхьэщIэ Хьэмыщэ и роман. **26.** Адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм щыщ Iыхьэ. **27.** Гъатхэм пасэу кьэгъагъэ, хущхьэуу кьагъэсэбэгэ удз. **29.** Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ, дин IуэхуэмкIэ унафэщI. **30.** КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ.

Зэхэзыльхьар

УЭРЫШ Нурхьэтийщ.

Мазаем и 16-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Шыбзыхьуэ. **4.** БжьIумых. **10.** Iуху. **11.** Iапт. **12.** Мусэ. **14.** Шухьэ. **16.** Бэгъуэтыж. **19.** «Зэрыдкэ». **20.** ДамэкIуэ. **21.** «Нэху». **23.** ХьэхъупащIэ. **24.** ЩыIэрыс. **26.** Гущ. **29.** Хьэфотэ. **31.** Кьанкьуэщ. **35.** «Дамэ». **36.** Анал. **38.** Кьущхьэ. **39.** Арыкъ. **40.** Напэ. **41.** Бжэнкъуэр. **42.** Кьэбыстэ.

Кьехуу: **2.** Быгуэ. **3.** Хьэрвэр. **5.** Жалгъын. **6.** Марш. **7.** Щэмырэ. **8.** Жыкъуэщ. **9.** Бжьыдэхъу. **13.** Саур. **15.** Уанэ. **17.** «Иджыпсту». **18.** «Гуащэгъагъ». **21.** Нэгу. **22.** ХущIэ. **25.** Тхъэкъуахъуэ. **27.** ЩауэцыкIу. **28.** ПщыхьэщIэ. **30.** Фанэ. **32.** Кьудаш. **33.** Балъкъэр. **34.** Зеиншэ. **37.** Лащэ. **38.** Кьуэпс.

● Гушыlэ

Апхуэдэу жеIэ хэт ухуэзэми

Дизыкъуаэж и гъунэгъу фызыжь щIыкIу нэпсей гуэрым мэл гъэшха пшэр иЕт. Абы и мэлыр нукIыу ишхыжыну мурад зэрищIри куэд щIат, арщхьэкIэ и гъунэгъуэм яхуихьыну Iыхьэм щIэфыгъужырти, кьигъэнэжырт. Гъунэгъу Iыхьэ хэмыкIыу мэлыр зэрищхьи Iэмал кьыщыхуэмыгупсысам, Дизыкъуаэж деж чэнджэщкIуэ кIуащ.

- Ар Iуэху-тIэ, абы нэхъ гуэвэгъуэ уимыIащэрэт, - иритащ чэнджэщ абы Дизыкъуаэж. - Уи мэлыр укIыжи, гъэпщкIу, ядыгъуауэ гъэIуи, щэхуурэ ишхыжынщ.

Чэнджэщым игу щриихым:

- Уэ дэнэ сыпхъыжьи, накIуи, зыми имылъагъуу схуфIэгъэж, а жыхуэпIа дыдэм хуэдэу сщIынщ, - жиIэри кьелъIуащ фызыжь щIыкIур. Дизыкъуаэжи абы мэлыр хуфIигъэжри, пъэнпкъуэ згъэзынымкIэ дэIепкъуащ. Уэ пщыхьэщхьи мгъэзэжщ, «Гъунэгъу Iыхьэ хэпхьи уигу щыпсымыкIаКIэ, псоми уохэгъэкIыжынщ», - жиIэри мэл уклар кьидыгъуащ, кьулейсмэрэ зеиншэу хьэблэм дэсым яхуигъэщри ежьхэщащ.

Пщэдджьжьым жьыуэ и гъунэгъур кьежжкIащ:

- Сагъэфэнчхьэщ, зызгъэлIожу згъэшха си мэлыр ядыгъуэрэ - жиIэу.

- Тэмэму зэхэплъхьащ, мис апхуэдэущ иэгъэущ зыбжанэм жеIэ.

- Сэ пэж дыдэу жызоIэ, щIы супсмэ, тхьэм ди унэ сынимыхьэсыжкIэ.

- Тэмэмщ, тэмэмщ. Мис апхуэдэ дыдэу жеIэ хэт ухуэзэми, - жиIэуэ Дизыкъуаэж и гъунэгъу иэпсейр пщIантIэм дишыжащ.

ЖЫЛАУ Нурбий.

2000 гъэ.

ЩакIуэмрэ мыщэжьымрэ

Сэ балигъ сыIэрыхьуэр щэкIуэн сфIэфщ. СыIэрыщIэкIуа эзэманым кьриубыдэу сэ хьэкIэкхъуэкIэ куэдри кьэ ужIащ.

Зэгурым мэзыкъым щакIуэ сыкIуат. Кьэдрэ кьэскIухьауэ икIи зыри кьысIэрымыхьауэ сыкъэкIуэжырт. Си фочыжьыр си дамэм фIдзауэ мэзым сыкъызыдыпхрыкIым, зы псэущхьэ гуэрым и гъы макъ си ужьымкIэ кьыщIэзэхэсхащ. Сэ сыкъэувыIэри а гъы макъым седаIуэу щIэздзащ. Псэущхьэр ину, гущIыхьэу гъырт. Сэ ар зэщIыкъыр кьысхуэмыщIэу седаIуэу сыщытт. Псэущхьэр си де жкIэ кьакIуэу кьыщIэкIынт - гъы макъри нэхъ гъунэгъу хьурт. Ар зэрыиныр и лъэ макъымкIэ кьэсщIащ; кьуаIэ-чыцэ гъуар зэхихьащIыщIэу псэущхьэр гъыуэрэ кьыскIэIэпыкIу эрт. Си фочыр кьызыпщIыхьэхри сэ жыг кьуагъаким сыкъэууващ. Псэущхьэр гъунэгъу кьыщыскхуэхьум, сеплъри - мыщэ зэрамыщIэжт.

Мыщэжьым и плIэ лъакъуэ лъэныкъуэр щIым иримыгъэIуэсу гъуэхьуэурэ кьыскхуэкIуэрт.

Мыщэ абрагъуэр кьыскхуэкIуэу щысIаГъым, зызумысыжащи, сэ сыщынэри, фочыр и гущхьэм из убыдат, кIакхъуми си Iэр щIэслъхьат. Фочыр хуэсшияуэ мыщэм кьыщIылъагъум, и кIэбдз лъакъуитIыр Iэтауэ, щыхум хуэдэу и пэпсыр кьелъэлъхьэу, гъуэгъу си дежкIэ кьежьащ. Сэ фочыр есхьэхьжри си Iэдакъэсэр кьэзгъэIэгъуащ. А кьыкIэрыкIуэм хуэдэу мыщэр кьызыбгъэдыхьэри, и фIалъэ ижьыр кьыскхуишиящ. Сеплъмэ - и лъэгум зы банэ ин хэуэдэу хэпт.

Кьыхичьжьи и гугъэу дзэкIэ кьеIэуэр банэри пишхыкIат, лъыр кьижу и лъакъуэри лы цIынэу тришхьыкIыжат.

Си сэр кьисхри, сапэмкIэ банэр и лъакъуэм кьыхэсхьжащ, Мыщэм и гъуакъуэныр занщIэу пичащ, и лъакъуэри тригъэувэри еплъащ. ИтIанэ гуфIэу си хьуреягъыр кьижы-хьу щIидзащ. Сэ мыщэм сыбгъэдыхьэри Iэ дэслъащ: «КIуэж иджы, кIуэж», - жысIэри.

Ауэ ар IумыкIыжу си хьуреягъыр гуфIэуэр кьижьыхьырт. Мыщэ джэгум еплъынкIэ срикъуэу сыкъышежьэжым, сыкьимыгъэкIуэжу ар кьыспэтIысащ. Сэ ар зыхуэпр кьыздгурымыIуэу сеплъырт. Мыщэжьыр щIэпхьуэжьыри зыкъомрэ жэрт, арируэру кьитгъэзэжьыри кьызбгъэдэлъэдэжьыр. «НакIуэ, си гъуэсэ» жыхуиIэу зыщIыпIэ сишэну сриджэрт.

«СыкIуэнщи сеплъынщ сэ мыбы сыздишэм», - жысIэри си фочыр хьэзыру сIыгъыу мыщэм и ужьым сиувэри сежьащ. Мыщэр кIуэм, кIуэм, кьызувыIэм, сызэрыльэщIыхьэу ежьэжьэуэ, мэзым дыхэтку куэдрэ дыйащ. Зэи сыщIегъуэжри кьэзгъэзэжат, ауэ мыщэр кьыскIэльыщIэпхъуэри сигъэгъэзэжащ. Абы и ужькIэ мыщэм дзыхь кьыскхуимыщIыжу кьеплъэкIыуэр кIуэрт, сэри зыгъэзэжьажьэрэ сыкIуэрт. Мыщэжьыр джабзэм дэкIмэ, сэри сешауэ сыкIэльыдэкIырт, кьуэм дыхьэмэ - сыкIэтыдыхьэрт, кь уаца-чыцэм пхьпщмэ - сэри абы сыпхьпщыр т. Апхуэдэу куэдрэ дыкIуащ. ИкIэм-икIэжьым мыщэжьыр зы бжеижь гуэрым дежкIэ кьыщыувыIащ, сэри абы деж зынэсри сызыщIэувыIыкIащ. Мыщэжьыр сэ зыгъэпль, сэри мыщэжьым сопльыж. ИтIанэ мыщэжьыр и льэбжьанэмкIэ бжеижьым еплэстхъуэ щIидзащ. Бжей жьыгъэжьым сыдэплъеигъ итIанэщ кьыщыгурыIуар: Iэрамэ ину бжьэм кьальэтыхьэу жьыгъэжьым и щхьэм щхьэщIыт, фор из хъ ури, гъэанэхэмкIэ кьитIэтIыжащэ и джабзэм кIэрыльт.

Фоуэ илыр зыхуэдизым селплъину сэ жыгым сыдэкIуеящ.

Жьыгым сыкъыщIехьжьым мыщэжьыр щысыжтэкъым. Ар кьеплъэжьэжат, Сэри фо кьомым сыщIугуфIыкIыуэр унэм сыкъэкIуэжащ.

ЕтIуанэ махуэм Iэнлъэ, чей сшэри жьыгъэжьым деж сыкIу ащ, фор кьисхьину. Чеймрэ Iэнлъэмрэ зэрыз фо кьисхауэ сыкъыщежьэжьм, мыщэжьыр мэзым кьыхэкIри кьызбгъэдыхьащ. Фо кьисхам щыщу хьэкIуэ инищ си «ныбжьэгъуэкIым» естри, ар ищхьэу щысу хьэзгъанэри, сыкъэкIуэжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыну.

● Хъыбар

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.

Ди газетым и кьыкIэлыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур мазаем и 26-рщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Мариие

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Щирдий Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ**(жэуап зыхь секретарь), **Жьлаеэ Маритэ, Льостэн Мэз, Ныбжьк Таиса, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуэанэ - ещIанэ и къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1ап1эхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аехэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ и Iуэху еплъыкIэр зэтехуэу зэпыту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пащ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIымыкIэ жуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаш.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м Щихабзэмрэ хъыбарегъащIэ ГъатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыкъуэм елэжьахэщ: **жуап зыхь секретарь ДышэкI Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Мариие, корректорэу Афэ Тамарэ *(2,4-нэ нах.)*, ПхьитIыкI Юрэ *(1,3-нэ нах.)*, корректорхэм я дэлыкъуэгъу Иуан Заирэ. *Компьютерэкlэ газетым и тепльэр ящIащ:* Дол Мариие, ГъукIэл Рае, Щомахуэ Мариие, *суэрэтыщI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №632